- Fockkema, D.W, dan Elrud Kune-Ibsch. 1977. *Theories of in the Twentieth Century*. London: C. Hurst & Company.
- Geertz, Clifford. 1978. *The Religion of Jawa*. Chicago: The University of Chicago Press.
- Geriche, J.F.C dan T. Roorda. 1981. *Javaansch-Nederlandsch Handwoordenboek I, II*. Leiden: E.J. Brill.
- Hadiwidjana, R.D.S. 1967. *Tata-Sastra*. Yogyakarta: UP. Indonesia.
- Hardjowirogo, R. 1952. *Pathokaning Nyekaraken*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1978. "Kedudukan Kesusasteraan Tradisional dalam Masyarakat Indonesia Dewasa Ini". Dalam: *Persidangan Penulis ASEAN 1977*. Kuala Lumpur: Dewan Bahasa dan Pustaka.
- Ikram, A. 1980. "Beberapa Metode dalam Edisi Naskah". Penataran Tenaga Ahli Kesusasteraan Jawa dan Nusantara. Yogyakarta.
- Ikram, A. 1976. "Sastra Lama sebagai Penunjang Pengembangan Sastra Modern". *Bahasa dan Sastra*, No. 6, I, 1976: 2-13. Jakarta.
- Indonesche Hanschriften, 1950.
- Jong Dr. S.de. 1976. *Salah Satu Sikap Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Kanisius.

- Junus, Umar. 1980. "Strukturalisme dan Semiotik dalam Kritik Sastra". Dewan Bahasa. Mei: 18–29. Kuala Lumpur.
- Junus, Umar. 1981, 'Strategi Untuk Suatu Penyelidikan Stilistika'. *Dewan Bahasa*. April: 43–63. Kuala Lumpur.
- Kartomi, Margaret J, 1973, *Matjapat Songs In Central and West Java*, Canberra Australian National University Press.
- Kratz, E.U. 1979. *The Editing of Malay Manuscripts and Textual Criticism*. Paper for the Minicolloque on Indonesian Studies London.
- Laureson, Diana T. dan Alan Swingewood. 1972. *The Socieology of Literature*. London: Mac Gibbon & Kee.
- Mass, Paul. 1972. *Textual Criticism*. Translated from the German by Barbara Flower. Oxford.
- Mardjana, M. 1933, *Layang Isi Kawroeh Bab Basa Djawa Sawetara*, Batavia: J.B. Walters.
- Mulder, Niels. 1978. *Mysticism & Everyday Life in Contemporary Java*. Singapore University Press.
- Olthof, W.L. 1941. *Poenika Serat Babad Tanah Djawi Wiwit Saking Nabi Adam Doemoegi Ing Taoen 1647*. 's-Gravenhage: M.Nijhoff.
- Padmasusastra. 1899. *Warna Basa*. Soerakarta: Albert Rusche Co.
- Padmosoekotjo, S. 1958. *Ngengrengan Kesusastran Djawa I*. Semarang: Hien Hoo Sing.
- — — — — 1960. *Ngengrengan Kesusastran Djawa II*. Semarang: Hien Hoo Sing
- Pigeaud, Theodore G.Th. 1967. *Literature2 of Jawa I*. Teh Hague: Martinus Nyhoff.
- — — — — 1968. *Literature of Java II*. The Hague: Martinus Nyhoff.
- — — — — 1970. *Literature of Java III*. The Hague: Martinus Nyhoff.
- — — — — 1975. *Javanese and Balinese Manuscript*. Franz Steiner Verlag GMBH. Wiesbaden.
- Poerbatjaraka, Dr. R.Ng. 1940. *Beschijving der Hansdschriften Menak*. Bandung, A.C. Nix. & Co.
- Poerbatjaraka, Prof. Dr. R.M. Ng. 1952. *Kepustakaan Djawi*, Jakarta: Djambatan.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1933. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters-Groningen.
- Scholes, Robert., 1974. *Structuralism In Literature*. New Haven and London:

Yale University Press.

- Slametmulyana, R.B. 1954. *Poezie in Indonesia*. Leuven
- Soebadio, Haryati. 1973. 'Masalah Filologi'. Prasaran pada Seminar Bahasa Daerah, Bali-Sunda-Jawa. Yogyakarta.
- Soebardi, S. 1975. *The Book of Cabolek*. The Hague: Martinus Nijhoff.
- Suminta, Drs. RHA, 1975, *Metode Dakwah*, Jakarta.
- Sutrisno, Sulastin. 1981. 'Relevansi Studi Filologi'. *Basis*, No. 8, Th. XXX Mei: 250–260. Yogyakarta.
- Teeuw, A. 1978a. 'Sastra dalam Ketegangan antara Tradisi dengan Pembaharuan'. *Basis*, No. 9, Thn. XXVII, Juni: 258–265. Yogyakarta.
- 1978b. 'Tentang Membaca dan Menilai Karya Sastra'. *Budaya Jaya*, No. 121, Thn. XI, Juni: 331–354. Jakarta.
- 1980a. *Terbantung pada Kata*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya.
- 1980b. 'Estetik, Semiotik dan Sejarah Sastra'. *Basis*, No. 1, Thn. XXX, Oktober: 1–11.
- Winter SR, C.F. 1928. *Kawi Javaansch Woordenboek*. Reproductiebedrijf V/D Topgrafischen Dienst.
- Zoetmulder, P.J. 1974. "Kelangwan". Martinus Nijhoff.

LAMPIRAN I

PENGANTAR TRANSLITERASI

1. Pengertian Transliterasi

Transliterasi adalah penggantian atau pengalihan huruf demi huruf dari abjad yang satu ke abjad yang lain (Djamaris, 1977:29). Menurut Robson (1971:41), yang dimaksud dengan transliterasi adalah *transference from one scripts another*.

Pengertian di atas digunakan dalam penelitian naskah "Babad Demak Pesisiran."

2. Penulisan Tanda dan Kata

Dalam Bab II, Sub 5, telah diterangkan tentang huruf atau aksara naskah "Babad Demak Pesisiran", yaitu huruf Arab Pegon. Huruf ini satu per satu dialihkan ke huruf Latin, yaitu huruf yang digunakan untuk menuliskan bahasa Jawa, sebagaimana termaktub dalam ejaan bahasa Jawa yang telah disempurnakan. Dalam pengalihan ini, tanda diakritik – dan – tetap dipertahankan untuk menjaga agar tidak menimbulkan kekeliruan.

Dalam penulisan kata-kata ditempuh cara sebagai berikut:

- (1) nama orang, nama pangkat, dan sebutan, awal katanya ditulis dengan huruf besar;
- (2) nama tempat, nama negara, nama gunung, awal katanya ditulis dengan huruf besar;
- (3) awalan pasif *dipun*, *den*, *sun*, *ingsun* ditulis bersambungan dengan kata dasar dengan diberi tanda – .
Misalnya : *dipun-paringi*, *sun-duta*, *den-wedalna*;
- (4) kata ulang ditulis dengan angka 2;
- (5) kata ulang bersambungan diberi tanda -.; misal: *bedhil-binedhil*.
- (6) angka Arab dalam tanda / / menunjukkan nomor halaman naskah.

3. Penulisan pupuh dan pada

Masing-masing 'pupuh' ditulis secara terpisah dengan diberi angka Romawi kecil dan ditambah dengan kata *pupuh*.

Penulisan *pada* dalam masing-masing *pupuh* ditulis secara terpisah dari atas ke bawah. Hanya *pada* yang tidak ditandai M yang tidak dipisahkan, ditulis sesuai dengan aslinya. Huruf awal setiap *pada* ditulis dengan huruf kecil, kecuali menunjuk nama orang, nama pangkat, nama tempat, nama negara, dan nama gunung.

Penulisan *gatra* dalam *pada* disusun dari atas ke bawah. Hanya *gatra* yang tidak ditandai dengan MM yang tidak disusun dari atas ke bawah, tetapi tetap ditulis sebagaimana aslinya, yaitu ke samping. Huruf awal setiap *gatra* ditulis dengan huruf kecil, kecuali jika menunjuk nama orang, nama negara, nama pangkat, nama tempat, dan nama gunung.

2. Penulisan Tanda dan Kata

1. Tanda baca dan kata yang digunakan dalam puisi harus sesuai dengan kaidah kebahasaan yang berlaku. Tanda baca yang digunakan untuk memisahkan kata, frasa, dan kalimat harus sesuai dengan kaidah kebahasaan yang berlaku. Tanda baca yang digunakan untuk memisahkan kata, frasa, dan kalimat harus sesuai dengan kaidah kebahasaan yang berlaku.

- (1) Tanda baca dan kata yang digunakan dalam puisi harus sesuai dengan kaidah kebahasaan yang berlaku.
- (2) Tanda baca dan kata yang digunakan dalam puisi harus sesuai dengan kaidah kebahasaan yang berlaku.
- (3) Tanda baca dan kata yang digunakan dalam puisi harus sesuai dengan kaidah kebahasaan yang berlaku.
- (4) Tanda baca dan kata yang digunakan dalam puisi harus sesuai dengan kaidah kebahasaan yang berlaku.
- (5) Tanda baca dan kata yang digunakan dalam puisi harus sesuai dengan kaidah kebahasaan yang berlaku.
- (6) Tanda baca dan kata yang digunakan dalam puisi harus sesuai dengan kaidah kebahasaan yang berlaku.

3. Penulisan Pupuh dan Pada

1. Penulisan pupuh dan pada harus sesuai dengan kaidah kebahasaan yang berlaku.

LAMPIRAN 2

TEKS BABAD DEMAK PESISIRAN

pupuh i

bismillahirrohmanirrohiim

1. ingsun amimiti amuji
anebut nama Yang Suksma
kang murah hing dunya mangkē
ing kang (. . .) ing akhērat 1
kang pinuji datan pegat
angganjar kawelas ayun
angapura wong kang dosa
2. sampunné muji Yang Widi
amuji nabi Muhamad
kelawan kawula wargané
sehabat sekawan ika /2/ ing kang nama Abubakar²
Ngumar Ngusman kaping telu
kaping pat Ngali Murtala
3. tatkala wiwitē nulis
ing dinten Saptu punika
pon iku pasarané
sasi Ruwah punika
anggalipun kaping pat likur punika
sangalas³
haiya iku taunipun
kang nulis nama Marsuf punika
4. panedhané kang anulis
sampung maca bari nginang manawa kèneng dubang⁴
sampung maca /3/ barini yudud menawa kèneng dahana⁵
sampung maca ngadal ika⁶
menawa luput kang tembang
5. penedhané kang anulis
mering sanak kang amaca

dèn-agung pengapurané
 aksara kathah kang bangga kirang dèn-wuwuhana⁷
 sampuh geguyu kang nurun
 kang nurat dèrèng pespada

6. wanten carita Winarni
 nuturaken kang kina²
 saking Adam sedayané
 ana dadi nabi ika
 ana dadi waliyullah
 ana dadi guru ratu
 ana kang dadi manolan
7. nabi Adam asewini
 wolung dasa punjul sanga
 kang kocap siji puterané
 nabi Sis iku kang nama
 nabi Sis sampun peputera kalih sami jalunipun⁸
 ang sepuh Radèn Anwas
8. Nurcahya ingkang weragil
 Radèn Anwas apeputera
 Rahadèn Kinad namané
 /4/ Radèn Kinad apeputera
 Radèn Mustalil namanya
 Radèn Mustahil sesunu
 Radèn Majid namanira
9. puterané Radèn Majid
 nabi Ederis nama nira
 nabi Ederis atmajané
 kekalih Radèn Malha
 Rahadèn Malha peputera
 ingkang nama Radèn Sahur
 nengghih Sahur nuli peputera
10. kang nama Radèn Musalik
 Radèn Musalik peputera

nabi Nuh ika namané
 nabi Nuh sampun peputera
 sekawan jalu sedaya
 setunggal ingkang cinatur
 Radèn Sam wahu namanya

11. Radèn Sam asesiwi
 Raden Sangid namanira
 nenggih Sangid atmajané
 inggih nama Radèn Palya
 nenggih nama Radèn Palya
 Radèn Palya apeputera
 ingkang nama Radèn Rangu
 putrané Rangu tetiga
12. /5/ cinatur ingkang satunggil
 ingkang nama Radèn Sarah
 Raden Sarah atmajané
 pan gangsal jalu sedaya
 cinatur ingkang satunggal
 ingkang nama Radèn Pahur
 Radèn Pahur apeputera
13. patih Azar ingkang nami
 patih Azar apeputera
 nabi Ibrahim namané
 nabi Ibrahim peputera
 kekalih pan sami pirya
 satunggil ingkang cinatur
 nami Ismaïl namanya
14. putrané nabi Ismail
 Radèn Sabit namanira
 Radèn Sabit atmajané
 ingkang nama Radèn Yasjab
 Radèn Yasjab apeputera
 ingkang nama Yarab ika
 Radèn Yarab apeputera

15. Radèn Pahur nama nèki
 Radèn Pahur peputera
 Radèn Mutawab namane
 Radèn Mutawab /6/ peputera
 ingkang nama Radèn Ngadnan
 Radèn Ngadnan sesunu
 kang nama Mungadi ika
16. Radèn Mungadi|sesiwi
 ingkang nama Radèn Najar
 Radèn Najar atmajané
 ingkang nama Radèn Mapar
 Radèn Mapar apeputera
 ingkang nama Ilyas niku
 Radèn Ilyas apaputera
17. Abuthalib nama nèki
 Abuthalib apeputera
 Ki Hujimah ing namané
 Ki Hujimah apeputera
 Ki Kunanah ingkang nama
 Ki Kunanah asesunu
 Kiyahi Tafsir ingkang nama
18. Kiyahi Tafsir asesiwi
 Kiyahi Faqir nama nira
 Kiyahi Faqir atmajané
 Kiyahi Ghalib ingkang nama
 Kiyahi Ghalib apeputera
 Ki Ngabdul Manab ika
 Ngabdul Manab apeputera
19. Kiyahi Hasim nama nèki
 /7/ Kiyahi Hasim apeputera
 Ngabdul Muntalib namane
 Ngabdul Muntalib peputera
 ingkang nama Ki Ngabdullah
 Ki Ngabdullah sesunu
 kang nama nabi Muhammad

20. Nabi Muhammad puniki
gustiné para utusan
nyalini seréngat mangke
tur dadi nabi wekasan
nabi rasulullah ika
wus karsaning Yang Agung
tumeka dina kiyamat
21. Nabi Muhammad sesiwi
kang nama Siti Fathimah
Dewi Fathimah puterané
kekalih pan sami pirya
-cinatur ingkang satunggal
Sayid Husèn namanipun
Sayid Husèn apeputera
22. kang nama Zainal Ngabidin
Zainal Ngabidin peputera
ki Zainal Ngalim namané
Zainal Ngalim apeputera
ingkang nama Zainal Kubra
Zainal Kuqra asesunu
Zainal Kusèn /8/ nama hira
23. Zainal Kusèn asesiwi
kang nama Mahmud Alkubra
Mahmud Alkubra puterane
kang nama Jumadi Alkubra
Jumadi Alkubra peputera
tetiga sedayanipun
apan tunggal ibu rama
24. ingkang bajang putera nèki
jejuluk Maulana Ishaq
ana dene penengahé
nama Ibrahim Asmara
kang weragil Siti Asfah
kambil garwa raja Ngerum
Ngabdul Majid nama nira

25. wanten genti kang winarni
 kocap rayiné Anwas
 Nurcahya ika namané
 Sis kang gadhah putera
 kapernah putuné Adam
 Nurcahya sampun sesunu
 Nurrasa ika namanya
26. Nurrasa sampun sesiwi
 ingkang nama Sang Yang Wenang
 Sang Yang Wenang atmajené Sang Yang Wening nama nira⁹
 /9/ Sang Yang Wening apeputera
 Sang Yang Tunggal namanipun
 Sang Yang Tunggal apeputera
27. benthara Guru kang nami
 benthara Guru peputera
 per lelima sedayané
 cinatur ingkang setunggal
 benthara Wèsnu namanya
 nenggh Wèsnu ngadeg ratu
 jumeneng ing Gilingtosan
28. Wesnu peputera Serigati
 Serigati sampun peputera
 Yang Terwasthi ika namané
 Yang Terwasthi jumeneng nata
 ing Mendhang Andhong negara
 Yang Terwasthi sampun sesunu
 Parikena ingkang nama
29. Parikena anama Mamumanawasa sesiwi¹⁰
 nama Manumanawasa mangké¹¹
 peputera Radèn Sutapa
 punika sampun peputera
 jalu warna nira bagus
 Radèn Sekutrem namannya

30. Sekutrem peputera Sakeri
nenggih /10/ Sakeri apeputera
Polasara atmajané
Polasara apeputera
ingkang nama Abiyasa
Abiyasa sesunu
tiga pan sami pirya
31. cinatur ingkang satunggil
ingkang nama Pandudhéwa
Pandhu ika atmajané
lelima sedaya nira
punika pan sami pirya
setunggal ingkang cinatur
ingkang nama Ki Arjuna
32. Arjuna sampun sesiwi
Abimanyu nama nira
Abimanyu atmajané
Parikesit nama nira
Parikesit apeputera
Udayana namanipun
Udayana apeputera
33. Jayadarma nama nèki
Jayadama apeputera
Jayamijaya namané
Jayamijaya peputera
Gendroyana nama nira
Gendroyana asesunu
kang nama Sumawicitera
34. /11/ Sumawicitera sesiwi
ingkang nama Citerasuma atmajané^{1 2}
ingkang nama Pancaderiya
Pancaderiya peputera
Selajala namanipun
Selajala apeputera

35. Serimapungung ingkang nami
 Serimapungung apeputera
 Setunggal bagus rupané
 ingkang nama Gendhiawan
 Gendhiawan apeputera
 lelima sedayanipun
 pan sami jumeneng nata
36. Cinatun ingkang setunggal
 jumenang na ripan
 Resi Genthuyu namané
 Resi Genthuyu apeputera
 gangsal kocap setunggal
 kang nama Lembumiluhur
 jumeneng noting Jenggala
37. Lembumiluhur sesiwi
 ingkang nama Rawisrengga
 gentiné nata ramané
 oning negara Jenggala
 Rawisrengga apeputera
 jalu warna nira bagus
 kang /12/ nama Radèn Laiyan
38. Laliyan jumeneng aji
 ing negara Pejajaran
 perabu agung sutapané
 Laliyan sampun peputera
 Mundhisari ingkang nama
 anggentosi ramanipun
 ngadeg nata Pejajaran
39. Mundhisari putera kalih
 Mundhingwangi ingkang sepah
 Arya Bajaran rayiné
 Mundhingwangi ngadeg nata
 ing negara Pejajaran
 anggentosi ramanipun
 Bajaran dadi patihnya

40. Mundhing wangi asesiwi
 sekawan sedaya nira
 apan èsteri pembajengé
 Ratna Kesuma kang nama
 isteri malih panggulunya
 nama Raden Ayu Himuk
 nuli jalu rayi nira
41. Radèn Suruh ingkang nami
 tetiga tunggal ibunya
 wanten malih nggih puterané
 /13/ kang nama Ciyung Wanara
 ibuné saking ampayan
 kocapa Rahadèn Suruh
 matur dateng ingkang rama
42. adhuh rama kados pundi
 kakang bok Ratna Kesuma
 kedah awon pertingkahé
 aremen dateng kawula
 nanging tan puruh kawula
 sang nata nimbali sampun
 dumateng Ratna Kesuma
43. wus dateng ngaran nerpati
 Sang Ayu Ratna Kesuma
 kang rama agal wuwusé
 Ratna Kesuma ta sira
 kudu remen rayi nira
 kang aran Rahadèn Suruh
 Sang Ayu mèdel kéwala
44. wekasan duka sang aji
 dumateng Ratna Kesuma
 sakelangkung dèn-dukané
 tan jamak Ratna Kesuma
 pan sira dudu manusa
 kudu remen ing sedulur
 lungaha sira dèn-énggal

45. tinundhung rama aji
 atapa /14/ ing gunung Kombang
 kelangkung mati ragané
 wus awor lawan lelembut késah saking gunung Kombang¹³
 ngedaton segara kidul
 wus dadi ratuning lelembut
46. Dèn Ayu Himuk winarni
 pan kathah sesakitira
 semu kurang parungoné
 bisu sumerta apicang
 keng rama kelangkung mirang
 binucal ing pulo Onderus
 pinupu ing raja Englan
47. nurunaken raja Kumpeni
 ing tanah Englan lan Peresman
 lawan tanah Sopahnyolé
 kocapa Ciyung Menara
 sesirnane ingkang rama
 punika jemeneng perabu
 ing negara Pejajaran
48. Radèn Suruh jumeneng aji
 ing negara Majalengka
 Berawijaya jejuluké
 apaputera Berakumara
 gumati ing Majalengka
 Beraku /15/ mara asesunu
 ingkang nama Aradèn Wijaya
49. Aradèn Wijaya sesiwi
 kang nama Kartawijaya
 Kartawijaya puterané
 kang nama Anggawijaya
 punika ingkang wekasan
 ngadeg perabu Majalangu
 tunggal nama Berawijaya

50. sigegen nata Majapahit
kocapa nata ing Cempa
raja Kunthara namané
ratu kapir binethara
meréntah Kujing negara
Kalicaré lan Kalikut
Gur lawan Mulebar
51. raja Kunthara asesiw
tetiga wau puterannya
kang kalih sami isteriné
putera jalu kang satunggal
ing kang sepah nama nira
Berawati Muratningerum
kambil garwa Berawijaya
52. kang penengah nama néki
Radèn Ayu Canderawulan
ana déné weregilé
jalu bagus warna nira
kang nama Radèn Cingker
sasedané sang perabu
Jingker kang ngadeg ing nata
53. wanten kang winuwus malih
nama Ibrahim Asmara
andarung wau lampahé
maring negara ing Jempa
karsané panggih sang nata
tan kawan an lampahipun
wus datang negara Cempa
54. melebet ing dalem puri
sang nata lagiya sinéba
Ibrahim marek ngarsané
sang nata énggal tetanya
dateng Ibrahim Asmara
derwis sapa arahmu
pan apa kang sira seja

55. sira marek maring mami
teka gati lampahira
Ibrahim énggal aturé
dhuh gusti nami kawula
Sayid Ibrahim Asmara
dateng kawula pan èstu
sumeja ngajak sang nata
56. majingga agama suji
saréngat nabi Muhammad
ngucapa kalimah kalih
anla ilaha /17/ illa lallah
Muhammad rasulullah
punika ing lafalipun
rukuné agama islam
57. lan nyembah lan amuji
dumateng Allah tangala
anuta ing penggawéné Muhammad nabi wekasan¹⁴
sampun nyembah ing berahala
punika agama kufur
nyembah muji ing berahala
58. saking permaning Yang Widi
sang nata kedhép sesama
dateng Ibrahim aturé
sang nata nulya angucap lafat kalimah sahadat¹⁵
kawula warga nan anut
sedaya pan sampun islam
59. wus manjing agama suci
sang nata negara Cempa
sumerta gadhang wergané
sanegara angudhangan
ing kutha miwah ing desa
sedaya pan sampun anut
amanjing agama islam

60. wus manjing agama suci
/18/ wadiya ing Cempa sedaya
Berahala ginempur kabèh
karsané wau sang nata
tan ana kari setunggal
akarya sang perabu
masjid panggonan ngibadah
61. kelangkung sihé nerpati
dateng Ibrahim Asnara
nenggih sang nata karsané
Ibrahim dèn-pangguhena
dumateng Ni Caderawulan
tumulya nikahhan sampun
Ibrahim lan Conderawulan
62. patut gènnya pelakerami
Ibrahim lan Coenderawulan
kelangkung déné asihé
sang puteri langkung bektinya
dumateng ing laki nira
miwah bekti ing Yang Agung
miwah kathah dana nira
63. ri sampuné lami²
adarbé putera tetiga
putera kang sepuh namané
Rahadèn Raja Pandhita
penengahé Radèn Rahmat
pawèsteri weragilipun
/19/ Dèwi Zainab nama nira
64. sampuné winuruk ngaji
wus putus kitab lan Qur'an
usul fakih lan tafsiré
kocapa malih Berawijaya
perabu agung Majalengka
punika anggadhah sunu
langsung manisé caritannya

Pupuh ii

peksi nala

1. kawarnahan puterané sang ngaji
Berawijaya nata Majalengka
kang saking Cepa ibuné
tetiga sedayanipun
ingkang sepah putera nawèstri
Puteri Adi namanira
dadiné garwanipun
Ki Dipati Adiyaningrat
kang penengah Lembu Peteng nama nèki
jumeneng oning Madura
2. Radèn Gugur putera kang weragil
datan arsa mengku kartiyasa
meksih ambettur tapané
waten malih puteranipun
Berawijaya Majapahit
ibu /20/ raksesi denawa
jalu puteranipun
ingkang nama Radèn Damar pinayungan tanah Palembang negari¹
jejuluk Ki Arya Damar
3. wanten malih puterané sang aji
ibu saking Panaraga
kekalih jalu puterané
Benthara Katong kang sepuh
pan jumeneng ing Panaragi
ana déné rayinira Dipati Lunu
wanten malih puteranira
ibu ingkang saking Pekgelèn negari
jalu amung setunggal
4. ingkang nama Ki Jaran Panolih
ingkang ngerih Sumeneb lan Sampang
ing Balega keratoné

nulya gadhahé sang perabu
 Berawijaya ing Majapahit
 garwa puteri saking Cina langkung anyunipun²
 Berawijaya Majalengka
 langkung teresna
 dateng puteri saking Cina singgih³
 temahan dipun senggama

5. sampun lama perabu Majapahit
 /21/ gènnya ngagé puteri saking Cina
 ngatos sepuh wangwarattané
 karsanira sang perabu
 Berawijaya ing Majapahit
 puteri saking Cina
 wangwarattané wus sepuh
 punika dèn-wedalena ing sang nata
 Arya Damar kang dèn-titipi
 sineleh ing tanah Palembang

6. Berawijaya nata Majapahit
 angendika datang ingkang putera Arya Damar namané⁴
 mangkéné ngendikanipun
 Arya Damar ingsun atitip
 dumeteng ing peken nira
 puteri wangwarat sepuh
 puteri adi saking Cina
 poma² aja sira senggamani
 yen durung babar puteranya

7. Arya Damar matur awot sari
 gusti kawula sumangga ing karsa
 kawula derma kémawon
 anglampahi pakonipun
 rama perabu ing Majapahit
 tumulya dèn-paringena
 puteri Cina ika
 dumateng ki Arya Damar
 wus /22/ ketampan

Arya Damar énggal pamit⁵
ing sang perabu Berawijaya

8. sampun mangkat Arya Damar singgih
tan kawarna lampahé nèng marga
dugi tanah Palémbang
melebet ing dalem sampun
sarta gawa parameswari
kagungané sang nata perabu Majalangu⁶
puteri adi saking Cina
dèn titipna maring Ki Arya Damar singgih
puteri wangwarat sampun sepah

9. sampun jangkep ing sawelas sasi
wangwarat tané
babar putera nira
jalu tur bagus rupané
cahyané lir mas sinepuh
Arya Damar ingkang mastani
bebayi kang sampun bakar
Radèn Patah ika⁸
sawusira lama² Arya Damar gadhah
kersa ing sang puteri
wekasan dipun senggama

10. sampun lama gènira ngeresminé⁹
Arya Damar maring /23/ puteri Cina
kantos wangwarat teri sasiné
wus jangkep ing sangang satun
angsalé pun wangwarat sang puteri
babar jalu putera nira
rupané tur bagus
bayi sampun ingngaranan
Radèn Husèn Arya Damar kang sesiwi
tunggal ibu lawan Patah

11. kunèng wau carita sang puteri

ingkang wonten negara Palembang
 saking Cina pinangkané
 kocap malih sang perabu
 Berawijaya ing Majapahit
 kelangkung susah manahnya
 déné sakit lumpuh
 ujaré wesi bujangga
 Berawijaya yèn tanno nganggé Wandhan Kuning
 sakité tan bisa wulya .

12. Berawijaya nganggé Wandhan Kuning
 mituruti ujaré bujangga
 menawa dadi warasé
 sakité ing su /24/ kunipun
 Wandhan Kuning dipun resminé¹⁰
 lawan perabu Berawijaya
 angsal tigang dalu
 nuli suda sakitira
 Berawijaya nganggé puteri Wandhan Kuning
 wusana ilang sakitnya
13. sampun wulya pan kadi wingi uni
 Berawijaya malah saya kuwat
 selari ngangge Wandhan Kuning
 tinimbangan sabén dalu
 Wandhan Kuning maring sang aji
 tan kuwarna lari nira
 nuli wangwarat sepuh
 sampun jangkep sasi nira
 nulya babar jalu puterané apekik
 sang nata kelangkung mirang
14. ingngaranan puterané ang aji
 Radèn Bondan Kejawan kang nama
 tumulya dèn-wedalaké
 semerta lan ibunipun
 juru sawah kang den-titipi

nenggih padhukuhan nira
 dhusun Karangjambu
 /25/ sawusira lama²
 Radèn Bondan Kejawan ika angèlih
 Lembu Peteng ingkang nama

15. Lembu Peteng susah manah neki
 onèng désa Karangjambu ika
 kelangkung déné meparaté
 tegal sawah karyanipun
 datan béda ing wadiya alit
 Lembu Peteng kelangkung mirang yèn sampun misuhur¹¹
 Lembu Peteng putera nata Berawijaya
 ing mangké dadi wong alit
 dadiya késah amertapa
16. Lembu Peteng nulya bentur tapi
 oning ngarga Diyèng namanra
 kelangkung mati ragané
 tanpa dhahar tanpa turu
 ora ana kacipta ing ati
 anak putu nira bisaha amengku¹²
 ing negara terah Jawa lama²
 Lembu Peteng angsal wangsit
 ujaré kinon nyuwita
17. nulya késah Lembu Peteng singgih
 saking arga panggo /26/ nané tapa
 kalunta-lunta lampahé
 mudhun jurang munggah gunung
 datan pegat nggènnya mertapi
 ngulari wadiya utama kang wespada sampun¹³
 jajah désa milang kori Lembu Peteng¹⁴
 lumapah rahina wengi
 nulya manggih pedhukuhan
18. padhukuhan ingkang langkung aseri
 kang pilenggah ing dhukuh punika

Ki Tarub ika namané
 lenggah manteri kami sepuh
 pan punika tinari²
 dateng perabu Berawijaya
 oning Majalangu
 Lembu Peteng nulya séba onéng ngarsa
 Ki Tarub inggih marani
 pinarak onéng pandhapa .

19. Lembu Peteng nulya awot sari
 maserahena ingkang jiwa raga
 mila nyuwita karsané
 Ki Tarub mèsem gumuyu
 Lembu Peteng dipun-tingali
 ketara jahita natera
 /27/ winangwang ing semu
 bocah iki terahing nata
 nulya tanya Ki Tarub sarwi bebisik
 kulup ingsun takon ing sira
 pinangkanya sira saking ngendi^{1 5}
 lawan sapa ingkang dherbèni putera
 Lembu Peteng matur agé
 adhuh gusti awak ingsun
 ankipun bok Wandhan Kuning
 deten wisma kula dhusun Karangjambu Tarub^{1 6}
 éling wantèhan
 Berawijaya anggé bok Wandhan Kuning
 punika anggadhah putera
20. putera nira boké Wandhan Kuning
 ika pirya bagus warna nira
 tumulya dèn-wedalké
 sumerta lan ibunipun juru sawah kang dèn-titipi^{1 7}
 permila dèn-wedalna
 nenggih marganipun
 sang nata kelangkung mirang
 Nyai Wandhan kesenggama lawang sang ngaji
 lama² apepu /28/ tera

21. sedatengé Lembu Peteng singgih
 langkung bungah Ki Tarub manahnya
 lir manggih iten bominé
 nulya ngendika Ki Tarub
 dateng Lembu Peteng puniki
 kulup aja sira taha
 ngeladèni ingsun
 niyata kinarya lampah amertapa
 menawa pinanggih wingking
 bisa mengku kertiyasa
22. Lembu Peteng matur awot sari
 gusti kawula sungga ing karsa
 kawula lumados mangké
 dateng karsané sang wiku
 pan kawula boten angidèni
 ing karsaning Jeng Tuwan
 siyang lawan dalu
 mila dados kajad kawula
 bangkat karya ing karsanipun sang aji
 angsala sabab pandonga
23. seben dina genira ngeladèni
 Lembu Peteng maring Ki Tarub ika
 tan pegat pertapané
 Ki Tarub welas andulu
 dateng Lembu Peteng puniki
 tan pegat /29/ dènnya mertapa
 siyang lawan dalu
 saperadéné nora luta
 angeladèni sira mering mami
 Ki Tarub nulya ngendika
24. angendika sering ingkang ngabdi
 ingkang nama Lembu Peteng ika
 mangkéné pangandikané
 Lembu Peteng sira ika¹⁸
 ingsun pudhut mantu peribadi

pan sira sun-panggihena
 anak ingsun kang sepuh
 Nawangsih ika namannya
 Lembu Peteng miturut karsané sang yugi
 ujaré sumangga ing karsa

25. pan sinegeg Lembu Peteng singgih
 kocap malih perabu Berawijaya
 rerasan lawan garwané
 ratu ayu ingkang sepuh
 puteri saking Cempa negari
 awerta dhateng sang nata
 yèn gadhah sedulur
 pawèsteri ayu setunggal
 ingkang nama Ratu Ayu Caderasasa /30/ si
 cahyané lir wulan purnama
26. Berawijaya onèng Majapahit
 amiharsa wartané kang garwa
 kelangkung déné gawaké
 énggal nimbali sang perabu
 ing puterané Ki Randhukuning
 ingkang nama Arya Bangah
 manteri ingkang sepuh
 pinercaya ing sang nata
 Arya Bangah tan dangu tumulya perapiti
 ing ngarsa nira sang nata
27. Arya Bangah jengandika puniki
 kula duta késah dateng ing Cempa
 amudhut mering puterané
 ing rama Cempa perabu
 ingkang nama Conderasasi
 Arya Bangah pamit énggal dumateng sang perabu¹⁹
 nulya mangkat Arya Bangah lampahira
 datan kawarna ing margi
 wus dugi negara Cempa

28. Arya Bangah sampun angsal warti
 onèng Cempa
 sang perabu wus séda²⁰
 kang ngadek nata /31/ puterané
 kang meruju namanipun
 Radèn Cingkerawahu sang ngaji
 ana déné Conderawulan
 punika pan sampun
 akerama angsal Molana saking Tulen²¹
 Ibrahim Asmara kang nami
 amulang agama islam
29. Arya Bangah susah manah nèki
 wus ngerasa yèn tan oleh karya
 dinuta maring gustiné
 saking langkung bangkitipun
 Arya Bangah dadi ngawahi
 ing wekasé Berawijaya
 nata Majalangu
 wus katur nata ing Cempa
 kang dinuta
 kinèn melebet ing puri²²
 dateng ngarsané sang nata
30. Arya Bangah dateng ngarsané sang ngaji
 ing ngendikan paran pinangkanya
 Arya Bangah alon aturé
 apan sarwi awot santun
 inggih gusti kawula puniki
 dinuta déning sang /32/ nata perabu Majalangu²³
 serta salaminipun pidhah
 paramaswèrti katur dateng sang ngaji
 wiyosé kinon angelawad
31. pan sang nata perabu anom singgih
 sédané kanjeng rama tuwan
 pan meksih énggal mirangi
 sang nata ing Majalangu

datan wanten ingkang mertani
 ananging midhanget kabar
 saking Tembi Kalikut
 punika kang asung warta
 ing sang nata Berawijaya Majapahit
 sang perabu Cempa ngendika

32. permilané ingsun tan mertani
 dateng kakang perabu Berawijaya
 pan ingsun ngarsa dhéwé
 yèn asor awak ingsun
 kakang perabu ing Majapahit
 mila ratu binetara
 ngerèh sami ratu
 lamun ingsun akirima ing nuwala
 dateng perabu Majapahit
 menawi datan /33/ kaduga
33. sampun rembag guneman sang ngaji
 dateng duta saking Majalengka
 duta piningan agé
 pengagé kang bagus²
 mateng Cempa nulya akirima
 werni kalung lawan gelang
 katur sang ayu
 peramaswèri Majalengka
 pan punika pernah rakané sang ngaji
 perabu negara ing Cempa
34. wus pamita duta Majapahit
 maring sang nata ing Cempa punika
 tumulya énggal lampahé
 datan kawarna ing ngenu
 lampahira duta wus perapti
 ing negara Majalengka
 merek ing sang perabu
 matur sarwa awot sekar
 Arya Bangah dumateng panduka aji
 dhuh gusti kawula dinuta

35. lampah kawula dinuta sang aji
 datan angsal ing pamudhut Tuwan
 pan /34/ sampun wonten lakiné
 puteri Cenderasatun
 kambil garwa turun Jeng Nabi
 nama Ibrahim Asmara
 sampun putera telu
 lan malih atur kawula
 ing panduka rama aji
 pan sampun lalis²⁴
 déné ingkang gumantiya
36. rayi Tuwan kang jumeneng aji
 ingkang nama Rahadèn Cingkara
 puniki wanten kintuné
 werni gelang lawan kalung
 kinon ngaturaken parameswèri
 ratu ayu ingkang sepah
 nama Murtininggerum
 sang nata nuli ngendika
 dateng duta
 ika aturena peribadi²⁵
 aja ana wewerta
37. yèn kang rama punika wus lalis
 poma² aja sira wewerta
 menawa dadi susahé
 Darawati Murtininggerum
 mireng warta ramané wus lalis
 lah kebat /35/ sira aturna
 dumateng sang ratu
 kiriman kang saking Cempa
 duta mangkat melebet ing da'em puri
 ngaturaken pakiriman
38. sampun katur pakiriman nèki
 warni gelang lawan kalung ika
 sang puteri nampani agé

Darawati Murtininggerum
 nulya niba sarwi anjerit
 kaget sekèhé pawongan
 ningali Sang Arum
 kang nagis jeroning pura
 pan gumerah
 kadiya ombaking jeladeri²⁶
 sang nata tumulya duka

39. Arya Bangah ningali sang puteri
 langkung susah sajeroning manah
 bakal kadukan gustiné
 sang nata tumulya melebu
 sajeroné ing dalem puri
 Arya Bangah dèn-acam²
 bayai ika matur
 yèn kang rama sampun séda
 Berawijaya runtika sejro /36/ ning ati
 anigali Ki Arya Bangah
40. angendika nata Majapahit
 maring kang garwa
 paran pekenira apa kang dadi susahé
 anak ingsun sarwi gegulung
 anglasar ana ing siti
 nulya matur paramaswari²⁷
 dumateng sang perabu
 milané kawula karona rama nata
 ing Cempa pan sampun lalis
 Berawijaya alon ngendika
41. ika sapa kang mituturi mering sira
 rama aji séda
 déné tan ana suraté
 ingkang teka maring ingsun
 nuli mitutruni Darawati
 boten wanten kang wewerta
 nanging janjinipun

rama nata lamun sēda gelang kalung²⁸
 dèn-kirimaken ing mami
 punika pertanda nira

42. kunèng wau nata Majapahit
 kang kocapa putera kang onèng Cempa
 Raja /37/ Pandhita namané
 Radèn Rahmat rayinipun
 arsa pamit ing rama nèki
 tan tuwi mering kang uwa
 Dèwi Murtininggerum
 garwanipun Berawijaya Majalengka
 wus kari pan dènnya apamit
 binektanan punakawan
43. punakawan Aburérah kang nami
 anut lampah ngulati tunutan
 tan pegat pangabektiné
 ing siyang kelawan dalu
 angabekti maring Yang Widi
 kaluta² lampahnya
 datang manggih perabu
 ingkang layar maring Jawa
 nulya késah dumateng Kucing negari
 ngulati kang tunutan
44. tan kawarnalampahé nèng margi
 pan tumeka ing Kucing negara
 amanggih tunutan mangké
 palwa kèci namanipun
 perahuné juragan Geresik
 wus munggah tiyang ketiga
 bubar /38/ jangkar sampun
 bahita sampun menengah lelayarané sampun angsal pitung wengi²⁹
 ketempuh angin pelahara
45. bahitané darung lampah nèki
 wus tumeka mahara Kamboja

mahara agung karangé
 bahita ketèmper sampun
 onèng karang Kamboja singgih
 lunas ing bahita
 rusak layaré³⁰
 rinapas raja Kamboja
 ingkang ana sejeroné palwa kèci
 palwané nulya binakar

46. putera Cempa kang rinampas singgih
 ingkang nama Pangéran Pandhita
 rembagan lawan rayiné
 miwah punakawanipun
 bahitané pan sampun eting
 binakar raja Kamboja
 bocah ingkang telu
 wus rembag tiyang tetiga
 nulya akèn ing wong Kamboja negari
 punika ingkang dinuta
47. /39/ tinuturan duta tingkah nèki
 onèng palwa duta pamit inggal
 tumulya laju lampahé
 datan kawarna ing enu
 sampun perapta ing Majapahit
 wus katur dateng sang nata perabu Majalangu³¹
 sang nata nuli ngendika duta
 pinangkannya saking ngendi
 lan sapa ingkang wewerta
48. duta matur sarwiné awot sari
 gusti kawula pan tiyang Kamboja
 ngaturi wijosé puteri ayu Conderasatun³²
 pan ing Cempa ingkang negari
 punika anggadhah putera kekalih jalu³³
 katiga lan punakawan
 arsa sohan dumateng panduka aji
 punika anitih palwa

49. palwa pecah ana ing jeladri
 pan katèper karang ing Kamboja
 dipun-rampas sedayané
 kang wonten sejeroning perahu
 datan wanten ingkang kari
 karsané raja Kamboja
 palwané tinu²
 ing mangké putera ing Cempa langkung susah
 onèng Kemboja negari
 dadi ngabdine sang nata
50. seri naléndra natang Majapahit
 apan mireng aturé ponang duta
 kelangkung déné welas
 miwah para maswarinipun
 sekelangkung dènyanya ngerdatén³⁴
 déné sampun mireng warta
 saking duta wot satun
 tumulya seri nara nata
 Berawijaya animbali dateng manteri
 ingkang aran Arya Bangah
51. tan adangu Arya Bangah perapti
 ing ngarsané perabu Berawijaya
 nulya dhinawuhan agé
 Arya Bangah ingsun angerungu
 putera Cempa anunggang kèci
 puterané Ni Conderawulan
 kalih sami jalu
 teliga lan punakawan
 palwanira /41/ ketawang karang jeladeri
 ana ing marga Kemboja
52. Kèci rusak nulya dèn-rampasi
 ing sang nata maharaja Kemboja
 telas kabèh mo²-tané
 palwané nulya tinu

bocah tiga ginawé ngabdi
 kaliyan raja Kemboja
 langkung susahipun
 kang ika sira sun-duta
 amuduta mering putera kang kekalih
 tegga lan punakawan

53. anggawaha manteri kang perjurit
 kang peryuka ing busana nira
 anaha sepuluh bahé
 Arya Bangah pamit sampun
 sarta gawa perjurit menteri
 tan kocapa ing lampahira
 Kemboja wus rawuh
 nulya katur ing sang nata
 angendika
 duta pinangkannya pudi³ 5
 lawan sinten ingkang duta
54. Arya Bangah nulya matur aris
 ing sang nata maharaja Kemboja
 dhuh gusti kawula /42/ wiyosé
 dinuta mering sang perabu
 Berawijaya ing Majapahit
 kinon mudhut putera Cempa
 keponakannipun
 sang perabu ing Majalengka
 kalih pirya tiga punakawan nèki
 ingkang dados ngabdi tuwan
55. margané nupang palwa kèci
 palwa pecah kegawang karang
 mahara Kemboja pernahé
 pan tuwan alap sedarum
 wadiya nira ana ing kèci
 sang nata ing Majalengka
 langkung sukuripun
 déné boten kèrem toya

bocah tiga ingkang tuwan badhé ngabdi
punika kinon mudhuta

56. duta tita iling alingen ing ngoni
 Berawijaya perabu Majalengka
 meréntah sami rajané
 tanah sabarang akéh teluk
 mering sang nata ing Majapahit
 Banjar Siyem lan Kemboja
 pan wus padha teluk
 ana déné liyanira /43/ apan kathah
 ingkang paserah balu pathi
 ing negara Majalengka
57. sampun rembag guneman sang ngaji
 ing Kemboja dateng Arya Bangah
 sang nata utusan agé
 ahimbali bocah tetelu
 tan adangu tumulya perapti
 onèng ngarsané sang nata
 sarwi awot satun
 ujaré raja Kemboja
 kulup sira pinudhut mering sang aji
 perabu agung Majalengka
58. lah miluha kulup sira niki
 mering dutané nata Majalengka
 anuta saking lakuné
 putera Cempa awot satun
 dateng perabu Kemboja singgih
 lajeng matur putera Cempa
 kawula miturut
 ing kersané Kanjeng Tuwan
 pah kawula kawilis yèn dados ngabdi
 anut saking kersa tuwan
59. Arya Bangah pamit mering sang ngaji
 ing /44/ Kemboja sarta bocah tiga

wus lepas wahu lampahé
 datan kawarna ing ngeni
 sampun perapta ing Majapahit
 wus katur seri nara nata
 bocah ingkang telu
 paramaswari Majalengka
 langkung terisna
 remen dènnira ningali³⁶
 dumateng putera ing Cempa

60. Berawijaya nata Majapahit
 langkung asih mering putera Cempa
 dèn-anggep puterané dhéwé
 apa barang kang jinaluk
 Berawijaya iku maringe
 ananging putera ing Cempa
 susah manahipun
 déné wong ing Majalengka
 agamannya punika pan meksih kapir
 tan anut agama islam
61. putera Cempa bekti ing Yang Wiwidi
 titingalan wong ing Majalengka
 pan padha gumuyu kabèh
 ujaré wong Majalangu
 bodho /45/ temen bocah puniki
 madhep ngulon bocah tiga cangkemé celathu³⁷
 tangané angakep dhadha
 tan adangu dhengkulé dipun pijeti
 tumulya angabung kelasa
62. nulya ana wong tuwa sawiji
 mara ngucap aja sira cacad ya ika nyembah dewané³⁸
 gustiné bocah tetelu
 nanging sira tan mèlu derbèni
 déwa ingkang sinembah
 nanging bocah ika³⁹

mulané aja sira nacad
 ing manusa anyembah ing déwa nèki
 datan padha pertingkahnya

63. nulya ana wong anom datengé⁴⁰
 mara ngucap mering putera Cempa
 ya ika kurang pikiré
 babi gurih datan ayun
 bodhok kokang datan binukti
 amilih dagingé améda ambuné aperengus⁴¹
 ananging putera ing Cempa
 datan duka maring bocah /46/ Majapahit
 mila meksi sami nonoman

Puh² iii

roning kamal

1. sigegen putera Cempa
Arya Banjaran winarni
ing negara Pejajaran
rayiné sang Mundingwangi
Arya Banjaran sesiwi
kang nama Arya Mentahun
Arya Mentahun peputera
nama Arya Randhu Guting
Randhu Guting punika putera tetiga
2. Arya Galuh ingkang sepah
penengah punika singgih
kang nama Arya Tanduran
Arya Bangah kang werakil
Arya Galuh asesiwi
kekalih pan sami jalu
nama Arya Penanggungan
Ranggalawé ingkang rayi
cinarita puterané Ki Penanggungan
3. tiga sami jalu nira
kang sepah Arya Baribin
kang penengah Arya Téja
déné putera kang weragil
Ki Tarub /47/ wahu kang nami
Arya Baribin sesunu
kalih èsteri ingkang sepah
Maduratna ingkang nami
werujuné jalu kang nama Jakandar
4. putera nèki Arya Téja
punika amung kekalih
èsteri putera ingkang sepah
kang nama Ni Jonderawati

ana déné ingkang rayi
 pan ika putera kang jalu
 Radèn Syukur namanira
 puterané Tarub winarni
 sedayané punika amung tetiga

5. punika ésteri sedaya kang sepah nama Nawangsih¹
 kang panengah namanira Radèn Ayu Nawangsari²
 kang weruju nama nèki
 Radèn Ayu Nawangarum
 pan genti ingkang kocapa
 putera Cempa kang winarni
 ingkang wanten ing negara Majalengka

6. arsa pamit maring sang nata
 Berawijaya Majapahit
 badhé /48/ matuk mering wésma
 ing tanah Cempa negari
 sang perabu datan ngiripani
 putera Cempa badhé matuk
 ngendikané Berawijaya
 kulup aja sira mulih
 ingsun paring penggawéhan maring sira

7. penggawéhan kertiyasa
 apa kang sira remeni
 tumenggung miwah bupatiya
 manteri arya lawan patih
 lamun sira arep kerami
 pilihana sanak ingsun
 utawi putera bupatiya
 tuwén puteranipun patih
 lan malihé ingsun wus ngerungu warta

8. negaranira ing Cempa
 punika wus dèn-unggahi

kaliyan raja ing Dhustan
 wus teluk negara Kucing
 Kalikut lan Kalijaré
 Mulebar lawan Kemagur
 pan wus teluk sedaya
 mung kèri Cempa negari
 meksih maré perangan lawan ing Dhustan

9. semana /49/ putera ing Cempa
 punika samiya turuti
 ing karsané Berawijaya
 nata perabu Majapahit
 Raja Pandhita akerami
 nenggih ingkang ngambil mantu
 Arya Baribin Resbaya
 punika pernah negari
 garwanira Raden Arya Maduratna
10. dhedhukuh Raja Pandhita
 ing dhusun Sinatut singgih
 ana déné Radèn Rahmat
 punika sampun akerami
 kambil mantu manteri Tubin
 Arya Teja namanipun
 apan dadi garwanira Raden Ayu Conderawati³
 Ngampèl Dènta Radèn Rahmat dhukuhan nira
1. ana déné Aburerah
 punika sampun akerami
 kamantu wong Ngampèl Dènta
 Kiyahi Kusén nama neki
 punika pan tiyang alit
 pakaryanira nenadur
 garwané Aburèrah
 bok Samirah nama nèki
 /50/ dhedhukuh Burèrah dhusun Tangkilan

12. nandur kapas Aburérah
wus awoh kelangkung dadi
dèn-udhuhi saben dina
durung ana putus nèki
bok Samirah kang gilingi
punika kinarya sumbu
katu ing Pengéran Rahmat
ginawé damaring masjid
saben dinakapasé dén-aturena
13. Pangéran ing Ngampèl Denta
Jeng Pangéran anamani
dateng Aburérah ika
Ki Ageng kapasan singgih
wanten malih wong sawiji
patinggi ing Majalangu
kirid lampah Jeng Pangéran
Wirajaya nama nèki
pinaringan pendamelan tukang tosan
14. Raja Pandita peputera
tetiga sedaya nèki
kekalih pan sami pirya
satunggal ika kang èsteri
ing kang sepah putera nèki
Haji Ngusman /51/ namanipun
puterané ing kang penengah
nama Radèn Ngusman Haji
kang weragil Nyahi Ayu Gedhé Tandha
15. Radèn Rahmat apeputera
pan gangsal sedaya nèki
pawèsteri ing kang tetiga
kang jalu punika kalih
punika akeran ing ngèlmi
ana déné ing kang sepuh
kang nama Siti Saripah
Muthmainah Sumendhi
Siti Haspah puniki gih rayinira

16. ana déné puteranira
 kang jalu nama Ibrahim
 kang weruju nama nira
 punika Rahadèn Kosim
 putera kang gangsal puniki
 saking Tubin ibunipun
 garwa malih Radèn Rahmat
 puteranipun Ki Bang Kuning
 Mas Karimah punika ing nama nira
17. tumulya anggadhah putera
 kekalih pan sami èsteri
 ana déné ingkang sepuh
 Mas /52/ Murtasyiah kang nami
 déné putera kang weragil
 Murtasimah namanipun
 karsanipun Radèn Rahmat
 putera kalih kinon ngaji
 onèng Ngampèl sinahu kitab lan Qur'an
18. puterané Ki Tarub kocap
 sedaya sampun akerami
 Newangsih putera kang sepah
 Lembu Peteng garwa nèki
 ibuné Nyi Wandhan Kuning
 Berawijaya ramanipun
 jinujung derajatira
 Lembu Peteng duk ingoni
 nama Tarub anggentosi maratuwa
19. sawusira lama²
 Lembu Peteng asesiwi
 punika amung satunggal
 putera jalu tur apekik
 Getas Pendhawa kang nami
 wanten malih puteranipun
 Ki Tarub ingkang penengah
 nama Dèwi Nawangsari
 gih punika garwané Radèn Jakandar

20. dhedhukuh onèng Melaya
 Bangkalan pernah /53/ negari
 lama² apeputera
 kekalih pan sami èsteri
 Dèwi Isah ingkang nami
 punika putera kang sepuh
 ingkang anom pugera nira
 Dèwi Irah ingkang nami wanten malih puterané Tarub wekasan⁴
21. Nawangarum ingkang nama
 Radèn Sukur garwa nèki
 lama² apaputera
 kekalih kang sepuh èsteri
 ingkang nama Dèwi Sari
 ana déné kang weruju
 Radèn Syahid nama nira
 Radèn Syukur duk ingoni
 kang pilenggah tumenggung ing Wilatikta
22. genti ingkang cinarita
 kocapa kang dadi aji
 ing negara Pejajaran
 puterané sang Mundhingwangi
 Ciyung Menara kang nami
 nanging selir ibunipun
 Ciyung Menara peputera
 jalu warnanira pekik
 ingkang nama Rahedèn Babang Wecana
23. Babang Wecana peputera
 Babang Pamengger /54/ kang nami
 boten purun keperintah
 dateng perabu Majapahit
 tumulya késah anepi
 dhedhukuh wanten Semèru
 lama² apeputera
 Ménak Pergola kang nami
 Ki Pergola punika nenggih peputera

24. Ménak Sembuyu namanya
 punika jumeneng aji
 ing negara Belabangan
 wanten malih kang winarni
 Molana Eshaq kang nami
 ing Pasèh negaranipun
 Molana sampun peputera
 kekalih jalu lan ésteri
 ingkang sepuh punika putera kang pirya
25. ana déné namanira Radèn Bagus Ngabdul Qadir⁵
 déné èsterine punika
 Dèwi Sarah ingkang nami
 putera kalih meksih alit
 tan kena pisah lan ibu
 Molana nulya késah
 lelana dumateng Jawi
 nopal kèli lampahé Molana Eshaq
26. wus munggah Molana Eshaq
 bahita /55/ layang mering Jawi
 bahita kapal namannya
 nangkudané wong ing Geresik
 Molana Eshaq datengi
 dumateng nangkudanipun
 wiyosé badhé anupang
 nangkuda sampun ngeridhani
 nulya munggah Molana Eshaq nèng kapal
27. sampun bukar jangkarira
 pan éco sinilir angin
 tan kawarna lampahira
 Molana onèng jeladeri
 sampun dateng tanah Jawi
 ing Geresik negaranipun
 Molana munggah ing dharat
 lajeng maring Surowèsthi
 lajeng jujuk padhukuhan Ngampèl Denta

28. Pangerán ing Ngampèl Denta
 Radèn Rahmat nama nèki
 selagi asholat ngasar
 onèng jero mesjid nèki
 dene ingkang ma'mun sami
 punika tiyang tetelu
 sawiji Ki Wirajaya
 Aburérah kapeng kalih
 Ki Bang /56/ Kuning punika kang kaping tiga
29. Molana Eshaq ning jaba
 wong sholat dipun-enteni
 wus mari dènnya sholat
 Molana Eshaq dhingini
 uluk salam oneng jawi
 Radèn Rahmat nulya metu
 sarwi ajawab salam
 wus tutur tinugur sami
 leluhuré wong loro bareng karuna
30. ojaré Molana Eshaq adhuh gusti anak mami⁶
 bapak ira rayiningwang
 nèng Cempa nama Ibrahim
 Radèn Rahmat matur nuli
 dumateng tamu kang rawuh
 ing tanah Jawa punika
 gusti meksi agama kapir
 mung kawula miwiti éslaming Jawa
31. Molana Ishaq ngendika
 dateng Radèn Rahmat singgih
 dhuh gusti anak kawula
 pan sira ingsun namani
 Sunan Mangdum ingkang nami
 jenengé /57/ Sunan puniku
 kang sinembah maring wadiya
 Mangdum ingkang adhingin
 islamipun pan negara tanah Jawa

32. Radèn Rahmat nama Sunan
 Molana Ishaq ngèsterini
 sawusira lama²
 wong Ngampèl sami agami
 miwah wong kampung Panilih
 punika agama sampun
 wus rata wong Surabaya
 islamipun wadiya alit
 rieksana Molana Ishaq panutan
33. ing Sunan Mangdum punika tumulya angelaya bumi⁷
 ngédul ngétan paranira
 mudhun jurang munggan ngardi
 dugi tanah Banyuwangi
 Molana munggah ing gunung
 Selangu wahu namannya
 mertapa sarwi ngabekti
 shalat fardlu sunatē datan tininggal
34. ora dhahar kala rina
 ora sarē kala wengi
 tan wanten kaciting manah
 mung Gusti kang maha luwih
 mugè /58/ paring iman suji
 tewekal kelawan sukur
 ngabekti maring Pangéran
 adoha penggawé sirik
 lan malihé tetepa iman kawula
35. kocapa nata Belabangan
 Ménak Sembuyu kang nñmi
 punika anggadhah putera
 pan èsteri ayu linuwih
 Sekardadu nama nèki
 punika pan sakit aseru
 sekèh dhukun lunga teka
 usaha datan marasi
 duk semana sang nata lagiya sineba

36. sekèhé manteri lan rangga
 bopati kelawan patih
 sang nata nulya ngendika
 dumateng para bupati
 lah ta sekseñnana sami
 maring soyabering sun
 sapa bisa marasana
 maring anak ingsun puteri
 pan punika dadiya jatukeramannya
37. sun-paling ing Belabangan
 ngadek perabu anu /59/ béjing
 patih Belabangan anyembah
 matur dumateng sang aji
 pan wanten Ajar sawiji
 pujuké ardi Selangu
 datan sami ajar kathah
 sepalah tingkahé luwih
 agamané pan béda lan Ajar bathah
38. lingsir kulon surup surya
 babang wétan angabekti
 ngadeg sedhakep amuja
 nyepeng cengku ngabung siti
 ngulon bener adhep nèki
 karya jobah ngaké kethu
 mugè dipun-timbalana
 menawi waged jampèni
 angendika sang nata maring Ki Patihnya
39. Patih sira timbalana
 ajar ingkang ana wukir
 Ki Patih nulya utusan
 animbali ajar agelis
 duta sampun datengi
 luhuré ardi Selangu
 ajar sampun ingaturan
 lumampah duta kang ngiring
 datan dangu lampaha Ajar /50/ wus perapta

40. ing jerone dalem pura
 katur mering seri bupati
 sang nata nulya ngendika
 dumateng Ajar kang perapti
 èh Ajar sun-puréh nambani anak ingsun Raden Ayu⁸
 pawèsteri amung satunggal
 ika sakit sampun lami
 bokmenawa sakité ika yèn sirna
41. lamun waras anak ingwang
 wus dadi ing ngujar mami
 sapa² marasena
 pan ika kinarya laki
 mering anak ingsun puteri
 lan malih negaraningsun
 Belabangan ingsun pejah
 kinarya gajaran nèki
 sun-paringi nama perabu anom ika
42. seksana Molana Ishaq
 puteri nulya dèn-tambani
 usaha sampun tumiba
 nulya sirna sakit nèki
 wulya kadi wingi uni
 /61/ puteri ayu Sekardadu
 sang nata kelangkung suka
 ningali mering sang puteri
 tinambanan warasé sekala dadang
43. sang puteri nuli dèn-kerama
 dumateng Mola singgih
 ing negara Belabangan
 punika énggal pinelih
 Molana Ishaq mengkoni
 ngadek perabu anom sampun
 kang anut Molana Ishaq
 pinerdi agama suci
 sampun kathah kang manjing agama islam

44. risampuné lama²
 Molana Ishaq matur aji
 aduh gusti rama nata
 mugi gusti amereni
 anyembah kelawan muji
 ing berahhala déwa ratu
 peryugi panduka nyembah
 ing Allah kang maha suci
 gih punika kang damel pejah lan gesang
45. sang nata tumulya /62/ duka
 talingan kadiya sinebit
 wedana kadiya sinepang
 kang nétera melérok andik
 kerut² ponang lathi
 pedhangé nulya dèn-unus
 sang nata nulya ngendika
 pedhangé sarwi den-isis
 pesthi mati katiban astaningwang
46. ningali Molana Ishaq
 mering sang nata rama aji
 punika angunus pedhang
 karsané badhé menjahi
 Molana melayu gendering
 nusup alas munggah gunung
 garwané tinilar wawarat
 sampun wonten pitung sasi
 berebes mili sang puteri
 onèng pungkuran⁹

pupuh iv

pangkur

1. Molana Ishaq umpetan
onèng wana
ing panggonan ingkang sepi¹
tan ana jalma kang weruh
Molana nulya nenedha
mering Allah Pangéran kang /63/ maha agung
tinarima penedhannya
Belabangan akèh gegering
2. Isuk lara sore pejah
soré lara esuk pan samiya mati
langkung sungkawa sang perabu
wadiya nira kathah pejah
tinulakan gegering pan saya aseru
sang nata ing Belabangan
tanpa dhahar tanpa guling
3. delengé seri nara nata
daya iki anak ingsun nini puteri
wawarattané kang kinadhut
akariya ing gara²
lamun babar sun-buwang segara bésuk
risampunné lama²
wawaratan bebayi lahir
4. miyos jalu putra nira
cahyanira lir kadi emas sinangling
sang jabang bayi sinambut
nulya binuwang semudera
winadhahhan pethi tumulya linarung
inguncelaken ing toya
pan deres ilining werih

5. ning segara lémbak²
 angin /64/ rebut rineksa déning Yang Widi
 wanten malih kang rinuwus
 nenggh wonten perahu dagang
 nganti toya dangu dènira alabuh
 ningali pethi kumambang
 setija nulya dèn-ambil

6. kang pethi nulya binuka
 pan wus menga pethi isi jabang bayi
 jalu werna nira bagus
 anenggh nangkuda nira
 pedagangé Nyai Gedhé Patih ika
 semana kinon adagang
 mering negara ing Bali

7. selaminé gènnya dagang
 Ki Nangkuda mering negara ing Bali
 datan manggih ing pèkéwuh
 sumerta tan mawi tuna
 nulya karsa nangkuda layaran
 dumateng Tandhes negara
 pan ico sinilir angin

8. datan kawarna ing marga
 lampahira sampun dumateng ing Geresik
 prahu pan sampun labuh
 nangkuda tumulya munggah
 mering dharat /65/ bebayi dèn-bekta sampun
 tumulya dèn-aturane
 ing Nyahi Gedhé Pinatih

9. Nyi Gedhé Patih tetannya
 ing nangkuda anaké sapa puniki
 nangkuda énggal umatur
 punika angsal kawula
 neng segara amanggih katut ing arus
 pelabuhan Belabangan
 tumibul wadhahé pethi

10. pan kelangkung bungahira
ing manahé Nyai Gedhé Pinatih
déné datan derbé sunu
ing mangké amanggih anak
pan tumulya ing ngaranan Radèn Paku
Nyi Gedhé langkung gumatiya
dumateng puterané singgih
11. ingkang putera sinusuwinan
datang purun anging ngemuk deriji
punika ingkang sinusu
malah kantos pitung dina
putera nira sinusunan datan purun
tumulya dèn-alapena
ing toya susuné kambing
12. /66/ genti ingkang cinarita
malih cokap Molana Ishaq sanggih
mantuk mering Pasyèh sampun
pinanggih anak lan kadang
nanging garwa punika pan lampus
kantung puterané kalih pisan
aduh anak ingsun iki
13. aduh anak ingsun nyawa
apan sira ya ingsun wertané
ing tanah Jawa puniku
ana sanak kadangira
pan punika Radèn Rahmat namanipun
ing negara Surabaya
padhukuhan Ngampèl Gadhing
14. ngadek sunan waliyullahi
Radèn Rahmat punika ingkang miwiti
islaming Jawa sedarum
amulang ngèlmu saréngat
lan tharéqat sumerta haqéqatipun
maréntah ing wali ibdal
ing negara tanah Jawi

15. sampun angsal pitung /67/ dina
onèng wisma Molana nulya latis
kathah wali ingkang rawuh
kutub kelawan ibdal
para ulama lan mu'min thasawuf
sedaya ayolatenana
mering Molana Ishaq singgih
16. sawusé dèn-salatena
pan binekta dumateng ing taman sari
para wali ngiring sedarum
gumuruh maca selawat
miwah anamaca tasbih lawan hamdu
ana ingkang maca Qur'an
ana ingkang muji tahlil
17. sampuné sinarekena
Sèh Molana ing taman Pasèh negari
para wali samiya mantuk
dateng wismané dhèwèk
katun putera kalih rembagan panika
lumapah anupal kèli
18. sampun késan saking taman
lalaré kalih lampahé anupal kèli
mudhun jurang munggah gunung
dugi /68/ tanah parsisiran
pan punika tanah Ngadan namanipun
nulya munggah palwa ika
alayar dumateng Keling
19. putera kalih nulya nupang
onèng palwa nangkuda sampun ngeripani
bukar jakar layar sampun
dumungi lahut seketera
apan éco baita ing lampahipun
layaran sawelas dina
dumugi Keling negari

20. wanten ing Keling negara
laminira angsal tigang dasa hari
umulya manggih perahu kang layar dumateng Jawa²
nulya numpang putera kalihan punika
pan èco ing lampahira
baita semilir angin
21. putera kalih nulya numpang
ing daratan laju mering Surawèsthi
Ngampèl Denta kang jinujuk
datan kawarna ing marga
lampahira ing Ngampèl pan sampun rawuh
pinanggih /69/ ing Kanjeng Sunan
uluk salam putera kalih
22. Jeng Sunan ing Ngampèl Denta
jawab sallam tumulya
énggal nakoni³
aduh kawula atumut
tetannya ing jengandika
pinangkannya lawan sinten namanipun
kang perapta matur pertéla
nami kawula Ngabdul Kadir
23. wadènè rayi kawula
gih punika Dèwi Sarah ingkang nami
rama kawula puniku
kang nama Molana Ishak
nggih punika ing Pasèh negaranipun
ing mangké sampun perlaya
nalika gesang wewerti
24. ing negara tanah Jawa
ingkang nama padhukuhan Ngampèl Gadhing
ana sanak kadang ingsun
ingkang nama Radèn Rahmat

pan punika ngadek sunan wali qutub
meréntah ing wali /70/ ifdal
tur mulang ing ngèlmu bathin

25. Jeng Sunan Ngampèl ngendika
jengandika pan inggih sedulur mami
bapa kawula sedulur
lawan bapa jengandika
Radèn Rahmat Ngabdul Qadir dipun-rangkul
samiya nangis tiyang kaliyan
katiga lawan kang rayi
26. genti ingkang cinarita
pan kocapa Radèn Jakandar mertapi
amesu ing raganipun
ning Demung gi gènnya mertapa
pan wus lama angsalipun bentur laku
jinujung mering Pangeran
keramat tur dadi wali
jinujung mering Pangéran
keramat tur dadi wali
27. Jejuluk Sunan Melaya
Ki Jakandar tan putus dènya mertapi
sumeja bekti Yang Ngagung
nanging tapa onèng wisma
Ki Jakandar badannya pan sampun /71/ mungkur
ngadhepaken ing akhèrat
berongta mering Yang Widdhi

pupuh v

asmaran

1. kocap malih Ngabdul Kadir
punika sampun akerama
Ni Dèwi Isah garwané
puterané sunan Jakandar
sawusira lama²
Ngabdul Kadir pan dinunung
ngimami Cerebon negara
2. dhedhukuh ing Gunung Jati
Ngabdul Kadir duk semana
ambentur laku karsané
nanging tapa oning wisma
tigang sasi datan dhahar
tinarima ing Yang Agung
apan dadi waliyullah
3. nama Sunan Gunung Jati
wus kathah wong manjing islam
tepis wiring dhukuhané
akéh ajar kepelajar
kang tan anut ing agama
nusup alas munggah gunung
ajrih kinon manjing islam
4. Kanjeng Sunan Gunung Jati
lama² apeputera
kekalih nenggih puterané
ing kang sepah ika pirya
Ngabdul Jalil namanira
déné putera kang weruju
pawèsteri nama Supiyah
5. wanten kang winuwus malih
tedhak saking Rasulullah
tetiga sami piryané

Sayid Mahsin kang setunggal
kaping kalih Sayid Ahmad
Halifah Husèn kaping telu
tanah Yaman wismanira

6. wong telu kēsah dateng Jawi
tan kawarna lampahira
dumugi tanah Jawané
ing negara Surabaya
jujuk dhukuh Ngampèl Denta
pinangih Kanjeng Sinuwun
uluk salam wong tetiga
7. Jeng Sunan jawab tumuli
salamé wediya kang perapta
enggal Jeng Sunan wiyosé
dhuh sanak kawula tannya
/73/ saking ngendi penangkanya
lawan siten namanipun
kang perapta matur pertela
8. Sayid Muhsin nama mami
anenggih rēcang kawula
Khalifah Husèn namané
kelawan Ki Sayid Ahmad
ing Yaman ingkang negara
dateng kawula pan èstu
nyuwita dateng panduka
9. sumeja sinahu ngèlmi
syaréngat lawan taréqat
apadéné haqéqaté
Sunan nulya ngendika
dhuh nyawa sanak kawula
wong ngélmu yèn kurang laku
punika tanpa gawéya
10. nulya matur Sayid Muhsin
ing Jeng Sunan Ngampèl Denta
mugi angsala pandongané
ing luhur kawula sedaya

sumerta pandonga tuwan
 puruna ambentur laku
 ékalasha mering Pangèran

11. tumulya winulang singgih
 ing Jeng Sunan Ngampèl Denta
 Muhsin miwah /74/ réjangé
 minuruk ngèlmu saréngat
 taréqat lawan haqéqate
 sedaya pan sampun putus
 ing lafath miwah ing makna
12. Kanjeng Sunan Ngampèl Gadhing
 ing putera kang sepah wus kerama
 Siti Syarifah namané
 kambil garwa Haji Ngusman
 putrané Raja Pandhita
 datan lama dhedhukuh
 kapernah ardi Manyuran
13. Haji Ngusman bangun teki
 amesu ing raga nira
 Mandhalika gèn tapané
 tanpa angsal tigang wulan
 jinujung mering Yang Agung
 sinung derajat waliyullah
14. sawusira lami²
 Haji Ngusman apeputera
 satunggal jalu puterané
 ingngaranan Amir Hasan
 déné Siti Muthmainah
 puterané Kanjeng Sinuwun
 padhukuhan Ngampèl Denta
15. /75/ punika apala-kerami
 nenggih ingkang ngambil garwa
 Ki Sayid Muhsin namané
 onèng alas adhedhekah
 tumulya ambentur tapa
 amesu ing raganipun
 ardi Pegat gènnya tapa

16. ora saré kala wengi
 ngabekti mering Pangéran
 ora dhahar ing rinané
 amerangi napsu hawa
 sampun angsal tigang wulan
 tinarima derajat waliyallah
17. sampun nira lami²
 Sayid Muhsin apeputera
 satunggal jalu puterané
 ingaranan Amir Hamzah
 ana déné Siti Hasyfah
 puterané Kanjeng Sinuwun
 padhukuhan Ngampèl Denta
18. punika apala-kerami
 nenggih ingkang ngambil garwa
 Ki Sayid Ahmad namané
 datan lama adhedhekah
 kepernah ardi Kamelaka
 tetapi tanderbé sunu
 dadi lampah /76/ amertapa
19. Sayid Ahmad amertapi
 nanging tapa oning wisma
 kelangkung mati ragané
 dhatan dhahar dhatan nédera
 anyegah ing napsu hawa
 sampun angsal tigang satun
 sinung derajat waliyullah
20. sampun putus géné tapi
 anyegah ing napsu hawa
 anetepi ngibadahé
 ngadhepaken maring Allah
 kadonnyan sampun tininggal
 siyang dalu rukung sujud
 ngabekti maring Pangéran

21. ana déné Radèn Ibrahim
puterané ing Kanjeng Sunan
Ngampèl Denta dhukuhane
punika apala-kerami
Dèwi Irah garwa nira
Ki Jakandar kang sesunu
lama² apeputera
22. puterané Radèn Ibrahim
pawèsteri amung satunggal
Ni Dèwi Rahil namané
Ibrahim nulya pinernah
ngimami Lasem lan Tubin¹
oning Bonang /77/ adhedhukuh
tumulya ambentur tapa
23. Radèn Ibrahim mertapi
ardi Gadhing gènnya tapa
kelangkung mati ragané
tanpa saré tanpa dhahar
anyegah ing napsu hawa
nyinggahi haram lan mekeruh
fadlu sunah tan tinigal
24. sampun angsal tigang sasi
tinarima ing Pangéran
Radèn Ibrahim tapané
sinung derajat waliyullah
nama Kanjeng Sunan Bonang
akèh wadiya ingkang anut
ngabekti maring Pangéran
25. wanten malih puter neki
Kanjeng Sunan Ngampèl Denta
Rahadèn Kasim namane
selagi dereng diwasa
ana déné putera nira
saking ampayan kang ibu
isteri kalih dèrèng kerama

26. wanten malih kang winarni
puterané Raja Pandhita
Ki Ngusman Haji namané
punika sampun akerama
Dewi /78/ Sari garwanira
puterané Radèn Tumenggung
ing negara Wilatikta
27. datan lama Ngusman Haji
pan dinunung dadi imam
ing Jipang lan Ponolané
oning Ngudung adhedhekah
tumulya ambentur tapa
ameşu ing raganipun
mertapa ardi Jambangan
28. ora dhahar kala hari
anyegah ing napsu hawa
ora saré ing wenginé
ngibadah maring Pangéran
fardlu sunah tan tinigal
suminggah ing haram mekeruh
tumajuh maring Pangéran
29. sampun angsal tigang sasi
lah punjul sedasa dina
Ki Ngutsman Haji tapané
tinarima ing Pangéran
sinung derajat waliyullah
nama Kanjeng Sunan Ngudung
lama² apeputera
30. amung kalih putera /79/ nèki
putera kang sepah punika
Déwi Sujinah namané
kang weragil ya pirya
Amir Haji namanira

déné nyahi Tandha ika
puterané Raja Pandhita

31. punika sampun akerami
nenggih kang ngambil garwa
Halifah Husén namané
dinunung imam Medura
dhedhukuh ing Kertayasa
lama² asesunu
pan jalu amung satunggal
32. Halifah Mungra kang nami
Halifah Husin tumulya
ambentur laku karsané
ardi Yadhi gènnya tapa
tanpa saré tanpa dhahar
sampun angsal tigang santun tinarima ing Pangéran²
33. Sinung derajat dadi wali
nama Sunan Kertayasa
wus akèh ika réwangé
kang manjing agama islam
wonten malih cinarita
puterané Radèn Tumenggung
ing negara Wila /80/ tikta
34. ingkang nama Radèn Sahid
punika sampun akerama
Ni Dèwi Sarah garwané
puterane Molana Ishaq
apan tunggal ibu rama
kelawan Kanjeng Sinuwun
ing gunung Jatipura
- 35.. Radèn Sahid asesiwi
tiga sami jalu nira

kang sepah Radèn Sangid namané
 pawèsteri ingkang penengah
 Dèwi Rukiyah kang nama
 isteri malih rakilipun
 Dèwi Rufingah namanya

36. Radèn Sahid kinon ngimami
 ing Dermayu lan Manukan
 ing Kalijaga pernahé
 sampun nira lama² Radèn Sahid temanira³
 tumulya ambentur laku
 ing Pulupeh gènnya tapa
37. sampun angsal tigang sasi
 lan punjul sedasa dina
 tinarima ing Gustiné
 sinung derajat waliyullah
 nama Sunan Kali /81/ jaga
 akèh wadiya ingkang anut
 ngabekti maring Pangéran
38. wus putus gènnya mertapi
 Kanjeng Sunan Kalijaga
 nanging tapa onèng wismané
 rahina tah mawi dhahar
 wenginé tan mawi nēdera
 kadonyan pan sampun mungkur ngadhepaken ing akérat⁴
39. kocapa Dèn Ngambul Jalil
 lawan Amir Hasan ika
 Dèn Amir Haji réwangé
 Den Sangid lam Amir Hamzah
 punika sami nyuwita
 dumateng Kanjeng Sinuwun
 padhukuhhan Ngampèl Denta

40. pan bocah gangsal punika
 oning dhukuh Ngampel Denta
 Raden Kasim pembateké
 pan sinahu ngaji Qur'an
 Kanjeng Sunan ingkang mulang
 sedaya pan sampun putus
 tumulya winulang kitab
41. wonten malih kang winarni
 kanggo /82/ nèng Tandhes negara
 Rahadèn Paku namané
 Nyi Patih kang gadhah putera
 wus umur limalas warsa
 maca Qur'an sampun putus
 tumulya sinahu kitab
42. Radèn Paku mirèng |warti
 ing negara Surabaya
 Ngampèl Dènta dhukuhané
 wanten pandhita ngulama
 amulang ngèlmu saréngat tharéqat haqéqatipun⁵
 nama sunan waliyullah
43. Radèn Paku matur aris
 dumateng ing ibu nira
 mengkana atur wiyosé
 ibu kawula mireng warta
 ing negara Surabaya
 wonten ngulama pinujul
 nama sunan waliyallah
44. kang ibu ngendika aris
 adhuh anak ingsun nyawa
 pan ora salah wartané
 iya ika waliyullah

ingkang nama Radèn Rahmat
 jejuluk Jeng Sunan Maqдум
 dhedhukuh ing Ngampèl Denta

45. Radèn Paku atur nèki
 dumateng ing ibu nira
 kawula késah ing mangké
 gadhahi karsa nyuwita
 dateng Sunan Ngampèl Denta
 ananging kawula suwun
 ibu ingkang maserahena
46. kang ibu amuwus aris
 adhuh anak ingsun nyawa
 apa sang karsamu bahé
 pan ingsun tan mawi mulang
 Radèn Paku nulya mangkat
 kang ibu nulya tut pungkur
 tan kawarna oning marga
47. dumugi ing Ngampèl Gadhing
 pinanggih ing Kanjeng Sunan
 Nyi Patih alon aturé
 apan sarwi awot sekar
 gusti sedateng kawula
 sumeja sohan pakulun
 sumerta maserahana
48. maserahaken kawula gusti
 dateng ing anak kawula
 mila nyuwita /84/ karsané
 sumeja sinahu kitab
 ginawé perabot ngibadah
 Kanjeng Sunan nulya muwus dateng Nyai Patih ika
49. éh Nyai Gedhē Pinatih
 ana ngendi anakira

Nyi Patih énggal aturé
 wadené anak kawula
 ing mangké wanten ing jab
 ngakub ngadhepi kajeng serut
 mugl tuwan timbalana

50. Radèn Paku dèn-timbali
 ing Jeng Sunan Ngampèl Denta
 tumulya énggal datengi
 mara séba sarta nyembah
 Jeng Sunan kèdel sekala
 kèngetan tamu kang rawuh
 kang nama Mulana Ishaq
51. Kanjeng Sunan Ngampèl Gadhing
 ngendika dateng Nyi Patinya
 mangkéné pangedikané
 éh Nyahi apa nyata
 bocah iki anakira
 apa anak olih mupu
 Nyi. Patih matur pertéla
52. ing /85/ purwané putera nèki
 tinutur sedayanira
 Jeng Sunan mireng aturé
 Nyi Gedhé Pinatih ika
 Jeng Sunan éling santayan
 warta saking Toyaarum
 ana sayid saking Ngarab
53. Molana Ishaq kang nami
 punika apala-kerama
 nenggih kang dadi garwané
 puterané seri nara nata
 ing negara Belabangan
 kang garwa wawarat sampun sepuh
 punika tinilar késah

54. wus jangkep ing sasi nèki
wawarat tan bebayi babar
jalu tur bagus wernané
tumulya sinebut énggal
kaliyan seri nara nata
winadhahan penthi sampun
binucal dhateng segara
55. Sunan Ngampèl muwus aris
ing Nyi Gedhé Patih ika
èh Nyi Patih ingsun kiyé
yen mangkono aturi /86/ ra
iya mèlu ngaku anak
ing anakira si Paku
Nyi Patih nulya wot sekar
56. Nyi Patih umatur aris
ing Jeng Sunan Ngampèl Denta
mengkono atur wiyose
dhuh gusti sumangga karsa
kawula dermi kémawon
angadhah anak si Paku
nanging tuwan kang peryuga
57. amupu ing anak mami
miwah mulang tata kerama
sumerta mulang ngèlmuné
syaréngat nabi Muhammad
taréqat lawan haqéqat
punika jengandika wuruk
kawula paserah ing tuwan
58. Dèn Paku winulang ngaji
ing Jeng Sunan Ngampèl Denta
wus putus ngèlmu sedayané
syaréngat lawan tharéqat
sumerta ngèlmu haqéqat

sumerta ngelmu haqeqat
tumulya winulang suluk
ing wirid napsu bandiyah

59. pan genti ingkang winarni
kocapa kang /87/ ana Palémbang
Rahadèn Patah namané
puteranipun Berawijaya
nata perabu Majalengka
punika gadhah sedulur
pan tunggal ibu kéwala
60. Radèn Husèn ingkang nami
samana sami rembagan
Radèn Patah lan rayine
sumeja késah nyuwita
dumateng ing Ngampèl Denta
putera kalih sampun rembug
tumulya énggal pamitan
61. pamit mering seri bupati
ing tanah Palémbang negara
Ki Arya Damar namané
pamit sampun rindhanan
putera kalih nulya mangkat
datan kawarna ing enu
wus dateng ing enu
wus dateng ing Surabaya
62. jujuk dhukuh Ngampèl Gadhing
wus panggih ing Kanjeng Sunan
Radèn Patah lan rayiné
mara séba nulya nyembah
sumerta nyukemi pada
Kanjeng Sunan nulya muwus
aduh nyawa ing sun tetanya
Radèn Patah dan rayiné
mara seba nulya nyembah

sumerta nyukemi pada
 Kanjeng Sunan nulya muwus
 adhuh nyawa ingsun tetanya

63. /88/ pinangkannya saking ngendi
 lawan sinten westanira
 Dèn Patah alon aturē
 dhuh gusti westa kawula
 sinembah ing Raden Patah
 rayi kawula punika
 Radèn Husèn westanira
64. ing Palémbang wisma mami
 pernah puterané sang nata
 Majalengka negarané
 ingkang nama Berawijaya
 wodéné rayi kawula
 punika pan tunggal ibu
 kang rama perabu Palémbang
65. sedhateng kawula punika
 sarta sedhèrèk kawula
 mila nyuwita yektosé
 dumateng ing Kanjeng Sunan
 sumerta seja kawula
 angulati ngèlmunipun
 ngibadah maring Pangéran
66. tumulya winalang ngaji
 Radèn Patah ing Jeng Sunan
 apan gangsar pengajiné
 wus putus amaca Qur'an
 tumulya winulang kitab
 déné Radèn Husèn /89/ ika
 apan dhedhel pengajiné
67. Radèn patah sampun ngarti
 sedaya ngèlmu syaréngat

apa déné taréqathe
sumerta ngélmu haqéqat
ngibadah tan mawi pegat
sunaté miwah kang fardlu
haram mekeruh dipun-tinggal

68. sampun nira lami²
Dèn Husèn micarèng nala
keperiyé saking karepé
pun kakang Rahadèn Patah
teka jungkung maca kitab
kaya dudu terahing perabu
ora mikir panjenengan
69. Radèn Husèn matur angelis
dumateng ing raka nira
adhuh kakang kaya periyé
nyuwita ing Kanjeng Sunan
ohing dhukuh Ngampèl Denta
angulati ngélmunipun
ngibadah pan sampun cekap
70. nanging saking karsa mami
sumangga kakang nyuwita
dumateng /90/ Majalanguné
ing sang perabu Berawijaya
angulati kertiyasa
menawa pinanggih bésuk
bisa mengku panjenengan
71. Radèn Patah muwus aris
dumateng ing rayi nira
dhuh yayi lungaha dhéwé
nyuwita dateng sang nata
perabu agung Majalengka
nanging ingsun nora mélu
meksih momong ing salira

72. Radèn Husèn matur nuli
dumateng wahu kang raka
mangkana atur wiyosé
dhuh kakang sediya kawula
nyuwita ing Majalengka
punika pan boten wurung
nanging panuwun kawula
73. mugè kakang angidèni
ing sedaya kawula punika
angsalé saking berkaté
ing Jeng Sunan Ngampèl Denta
Radèn Husèn pamit énggal
dumateng Kanjeng Sinuwun
kanthi /91/ pamit ingkang raka

pupuh vi

kinanthi

1. Radèn Husèn pamit sampun
ing Jeng Sunan Ngampèl Gadhing
lan malih pamit kang raka
apa sampun dèn-ridloni
Radèn Husèn nulya mangkat
lumampah tan mawi kanthi
2. mandheg mayong
lampahipun¹
tumulya anolih buri
wis tebih dènnya lumampah
kang raka sampun kawingking
Radèn Husèn gagancangan
lumampah tan noblih buri
3. datan ka warnaing enu
Radèn Husèn alapah nèki
wus dateng ing Majalengka
tumulya sohan nerpati
seri naléndra Berawijaya
nata perabu Majapahit
4. Radèn Husèn awot satun
padha nata dèn-sungkemi
sang nata kaget /92/ tumingal
kéngetan puterane singgih
kang anma Ki Arya Damar
sang nata amuwus aris
5. adhuh ngawusira kulup
pinangkannya saking ngendi
lawan sapa aranira
Radèn Husèn matur aglis
anengghih wisma kawula
ing tanah Palémbang negari

6. wadotan kawula puniku
Radèn Husèn wasta mami
anenggih bapa kawula
Arya Damar ingkang mami
sedateng kawula punika
sedaya nyuwita jeng gusti
7. sigegen ingkang winuwus
Sunan Ngampèl kocapa malih
punika anggadhah putera
kekalih pan sami isteri
ibuné saking ampayan
puteranipun Ki Bang Kuning
8. déné putera ingkang sepuh
Murtasiyah ingkang nami
punika apala-kerama
Radèn Paku garwa nèki /93/
/93/ kang wisma Tandhes negara
puterané Nyi Gedhé Patih
9. Radèn Paku nulya dinunung
ngimami Tandhes negara
Radèn Paku nulya karsa
dhedhukuh wanten ing Giri
Radèn Paku bangun tapa
amesu ing raga nèki
10. mertapa wanten ing gunung
ardi Tukangan kang nami
sampun angsal tigang wulan
lan pujul sedasa hari
tinarima ing Pangéran
sinung derajat dadi wali
11. ing mangké Rahadèn Paku
dadi nama Sunan Giri
apan kathah réwangira

- kang anut agama suci
sawusira lama
Radèn Paku asesiwi
12. sekawan sedayanipun
puterané Jeng Sunan Giri
putera jalu ingkang tiga |
kang setunggal ika isteri
ana déné ingkang sepah
Radèn Perabu ingkang /94/ nami
13. déné putera kang panggulu
kang nama Radèn Misani
déné malih rayinira
Radèn Guwa ingkang nami
rayiné malih punika
isteri nama Ratnawati
14. Murtasimah kang winuwus
putera Sunan Ngampèl Gadhing
ibuné tunggal ampeyan
punika apala-kerami
Radèn Patah garwa nira
puteranipun seri bupati
15. Berawijaya Majalangu
puteri Cina ibu nèki
Raden Patah nulya dhukuh
Bintara pernah negari
dinunung yèn dadi imam
ing Demak lawan ingeradin
16. Radèn Patah bentur laku
amesu ing raga nèki
nanging tapa oning wisma
ora dhahar ing raga nèki
nanging tapa oning wisma
ora dhahar kala hari
- puteranipun Said Muksin
26. punika dèn-ambil mantu
lawan Sunan Kalijaga
ana déné garwanira
Rupingah nenggih kang nami
Radèn Sangid cinarita
putera Sunan Kalijagi
27. punika dèn-ambil mantu
lawan kiyahi Ngusman Haji
garwané Dèwi Sujinah

wengine tan mawi nédera
sampun angsal tigang sasi

17. jinujung /95/ maring Yang Ngagung
sinung derajad dadi wali
anama Sunan Bintara
wus kathah ing récang nèki
kang sami anut agama
ngibadah mering Yang Widi

punika nenggh kang nami
datan lama a dhedhekah
onèng Murya pernah nèki

28. Radèn Sangid bentur laku
amesu ing raga nèki
mertapa ning Sapterangga
orang dahar kala hari
wengine tan mawi nédera
sampun angsal tigang sasi
29. jinujung mering Yang Agung
sinung derajat dadi wali
dadi nama Sunan Murya
tumulya /98/ anggadhah siwi
puterane jalu satunggal
kang nama Pangéran Sateri
30. dèn-pernahé ing Kadilangu
jejuluk Pangéran Yehi
wonten malih cinarita
Radèn Bagus Amir Haji
Sunan Ngudung kang peputera
punika apala-kerami
31. Dèwi Ruhil garwanipun
Sunan Bonang kang sesiwi
Amir Haji nulya pinernah
dhedhukuh Kudus negari
Mir Haji tapa nēng wisma
datan dhahar tigang sasi
32. jinujung mering Yang Agung
sinung derajat dadi wali
nama Sunan Kudus ika
genti malih kang winarni
Ngabdul Jalil kang kocap
wong anom tan purun kerami

pupuh vii

roning kamal

1. Ngabdul Jalil kang kocapa
 putra Sunan Gunung Jati
 punika tan purun kerama
 meksih ngaji wahdah tauhid
 lawan ngèlmu usuluddin
 lawan ngaji ngèlmu junum
 lawan ngaji ngèlmu makripat
 lawan ngaji ngèlmu sufi
 ingkang mulang Kanjeng Sunan Ngampèl Denta
2. wahdah tauhid tegesira
 kawula tunggal lan gusti
 tunggallé tanpa kapokan
 pan kupulé dadi siji
 ing dalem kalimah takbir
 munajah maring Yang Agung
 tan ana gusti lan kawula
 leburé papan lan tulis
 pan sinépa jené awor lan tembaga
3. wosé éling jenengé tembaga
 wosé kari rupaning jéné¹
 ananging ingkang gemebeyar
 iya cahyanipun jéné²
 nanging sira dèn-nestiti
 pesamon /100/ kang kaya ika³
 pan aja keliru tapa,
 kang dudu dipun-arani
 malih mandar selamat imanira
4. usuluddin tegesira
 wiwitané wong musafir
 tegesé musafir ika
 lumampah maring Yang Widi

- ananing Allah barengi
 ing kawula lampahipun
 lumampah tan mawi pisah
 kawula kelawan Gusti
 pan sinepa wawangan lawan manusa
5. ngèlmu junum tegesira
 kawula tan éling dhiri
 kedanan maring Pangéran
 déné sipat rahman rohim
 tegesé rohman puniki
 peparing tanpa jinaluk
 sedaya kang darbé nyawa
 iya pinaringan rizqi
 peparingé kelawan kersané dhèwèk⁴
6. sifat rohim tegesira
 Gusti Allah kang welas asih
 asihé dateng kawula
 pan /101/ inggih ing bénjing akhir
 ing donya sampun ketawis
 asihé kang maha agung
 dumateng kawula nira
 kang sinung iman sayekti
 pinaringan hidayah saking Pangéran
7. édané kawula ika
 dumateng kang maha suci
 ora édan zawal ngakal
 balik édan donya mikir
 maring ingkang maha suci
 mung satunggal wujudipun
 ananaging kawula nira
 satingkah polahé pesthi
 bebarengan ing Allah kang maha mulya
8. tegesé ngèlmu makripat
 lamun sira arep uneng

dumateng Allah tangala
 aningalaha ing dhiri
 bisa wujud peribadiné
 sumerta wujudé suwung
 cangkemé tan bisa ngucap
 mata kalih tan ningali
 sumertané badané /102/ tan bisa polah

9. sedaya tingkahing jalma
 miwah ngocap lan ningali
 punika Allah karya
 manusa iya barengi
 ananging datan dayani
 kawula pertikahipun
 mung Allah kang maha mulya
 anduwéni sifat qodir
 pan pinesthi wiyudé Allah tangala

10. ngèlmu sufi tegesira
 anuceni maring ati
 ambuwang ngujub lan riya
 miwah sumngah lawan kibir
 ati mang2 lawan bahil
 sirik kafi lawan hasud
 sedayané marenana
 ngagoha ati kang bening
 sabar lila tawekal maring Pangéran

11. wus putus ngèlmu sedaya
 Radèn Bagus Ngabdul Jalil
 tumulya énggal pamitan
 ing Jeng Sunan Ngampèl Gadhing
 pamitan dipun-ri /103/ dhoni
 Ngabdul Jalil mangkat sampun
 datan kawarna ing marga
 ing Jepara sampun perapti
 adhedhukuh dul nèng Siti Jenar

12. Ngabdul Jalil amertapa
 amesu ing raga nèki
 rahina tan mawi dhahar
 ora saré kala wengi
 ora ana kang pinikir
 mung Allah kang maha agung
 ika sipat qidam baqu
 wujudé dhohir lan betin
 Gusti Allah nyeratani mering kawula
13. ganti ingkang cinarita
 kocap Sunan Ngampèl lalis
 para wali dateng sedaya
 pada nyalataken sami
 Sunan Giri kang ngimami
 para wali makmun sedarum
 sawusé dèn sholatena
 inarèkaken tumuli
 pasarèhané ana lor wetane pendapa
14. pepekan wali sedaya
 Sunan Bonang /104/ lawan Giri
 lawan Sunan Kalijaga
 Derjat lan Gunung Jati
 Murya Qudus lawan Wisi
 Manyoran Demak lan Ngudung
 Melaya lan Kertayasa
 onèng dhukuh Ngampèl Gadhing
 pirembukan jenengaken ing halifah
15. Sunan Giri angendika
 dateng sekèh para wali
 boten wonten kang peryoga
 dadi halifah agama
 mung Sunan Demak negari
 peryoga jumeneng perabu
 lah ta padha seksènana
 Sunan Demak dadi aji
 para wali padha ngaminni sedaya

16. pan sampunira mangkana
 Sunan Demak kersa mulih
 dumateng negara Demak
 para wali samiya ngiring
 tan kawarna onèng margi
 ing Demak pan sampun rawuh
 /105/ Jeng Sunan Demak ngendika
 dateng sekèh para wali
 sanak² sumangga sami rembagan
17. adegé agama islam
 kuwajiban perang sabil
 wus kocap ing dalem Qur'an
 miwah Hadis Kanjeng Nabi
 lah padha rembagan sami
 angerubut si Malangu
 kapiṛé kawak kumuwuk
 tan anut agama suci
 para wali punika rembak sedaya
18. Kanjeng Sunan Jati Pura
 matur dateng Sunan Giri
 yèn sampun rembak sedaya
 akathahé para wali
 pan siten ingkang perayogi
 dadi tindih perang pupuh
 angrebut ing Majalangu
 nulya dhawuh Sunan Giri
 Sunan Ngudung ingkang dadi senapatiya
19. para wali sampun rembak
 Ngudung dadi séna /106/ pati
 angrebut ing Majalengka
 kersaning Jeng Sunan Giri
 ananging dipun-paringi
 perjurit mung pitung èwu
 sarta modin kawandasa
 lan malih dipun-kanthèni

Amir Hasan puterané Sunan Manyoran

20. lan malihé Amir Hamzah
puterané Jeng Sunan Wilis
wusé pepek para punggawa
sumerta praboting jurit
gegaman tumbak lan keris
sinapan kelawan kestul
ana ingkang gaman pedhang
miwah ana gaman bedhil
miwah ana ingkang gawa gaman tumbak
21. pan genti kang cinarita
Arya Tanduan winarni
ing negara Majalengka
punika anggadhad siwi
tetiga sedaya nèki
déné putera ingkang sepuh
anama Ki Gajah /108/ Mada
kang penengah nama nèki
Gajah Wila kang weragil Gajah Séna
22. putera tiga sedayanira
pan sami dadi patih
pepatihé Berawijaya
nata perabu Majapahit
Gajah Mada kang meriksani ing perkara para padu 5
déné patih Gajah Wila
pajegan dipun-periksani
Gajah Séna kang meriksani perjurité
23. déné puterané sang nata
Radèn Gugur ingkang nami
punika wus pinaringan
nama Pangèran Dipati
onèng dalem Majapahit
kinarya wakil sang perabu
Radèn Gugur sampun putera

kalih sami jalu nèki
 ingkang sepuh anama Lembu Niseraya

24. ingkang ragil nama
 Lembu Kanigara singgih
 kersanipun Berawijaya
 nata perabu Majapahit
 kang /109/ wayah kalih puniki
 sinungan nama Tumenggung
 onèng kitha Majalengka
 mrétah arya lan manteri
 wanten malih inggih putera saking Palémbang
25. puterané Ki Arya Damar
 Radèn Husèn ingkang nami
 nyuwita maring sang nata
 Berawijaya Majapahit
 Radèn Husèn dèn-paringi
 dadi dipati ing Terung
 jejuluk Ki Pecat Tandha
 wanten malih kang winarni
 ingkang nama Rahadèn Dhandhang Wecana
26. putera aking Panaraga
 pernah ipé mering sang aji
 nyuwita mering sang nata
 Berawijaya Majapahit
 punika dipun paringi
 ing lenggah nama Tumenggung
 onèng kitha Majalengka
 Dhandhang Wecana sesiwi
 putera jalu punika /110/ amung satunggal
27. Radèn Banjar ingkang nama
 ngadek arya onèng Tingkir
 jejuluk Dhandhang Wurahan
 wanten malih kang winarni
 pernah ipé maring sang aji

Berawijaya Majalangu
 ingkang nama Wulung Kembang
 nyuwita ing Majapahit
 sinung nama Tumenggung onèng Berangkal

28. sigegen kang cinarita
 Sunan Ngudung kocap malih
 badhé késah bandayuda
 angrebut si Majapahit
 gegaman sampun mireti
 tumulya Jeng Sunan Ngudung
 angago rasukan zimat
 ontakesuma kang nami
 riseksana Sunan Ngudung pamit énggal
29. pamita mering sang nata
 Sunan Demak ingkang nama
 pamit sampun rinidhonan
 tumulya lumampah/111/ agelis
 Jeng Sunan Ngudung anitih
 kuda ules jajan biru
 dèn-iring para punggawa
 tamtama perjurit manteri
 pan gumerebeg lampahé wong andon yuda
30. jeng Sunan Ngudung ning ngarsa
 sinahuban songsong kuning
 gendéra sampun binebyar
 ing ngarsa miwah ing wingking
 bendhéné sampun tinitir
 gunung bèri muniya gumuruh
 surake kadiya ampuhan
 surake wong andon jurit
 Amir Hasan anitih kuda pelangka
31. ana déné Amir Hamzah
 kuda rajeg kang titihi
 Amir Hasan onèng kanan

songsongé gadhung melathi
 Amir Hamzah onèng kéring
 apan pethak songgongipun
 tan kawarna onèng marga
 /112/ lampahé kang andon jurit
 sampun dugi alas Tunggara

32. Jeng Sunan Ngudung mesanggerah sumerta perjurit⁶

onèng alas Tunggara
 semana énggal anulis
 nuwala panatang jurit
 tan dangu nulya keperangguh
 mantri ingkang nitih kuda
 dipun-adhang onèng margi
 tinakonan mantri ingkang nitih kuda

33. aturé kang nunggang jaran

kawula wong Majapahit
 lurah dhusun Cakar Ayam
 bebedhok kidang lan kancil
 kersané Seri Narapati
 Berawijaya Majalangu
 Sunan Ngudung angendika
 dateng lurah nitih èsthi
 pasang yogyaké lurah sira sun duta

34. ngaturaken kang nuwala maring perabu Majapahit⁷

nuwala sampun tinampan
 Ki lu /113/rah lumampah aglis
 datan kawarna ing margi
 wus perapta ing Majalangu
 melebet ing dalem pura
 nuwala katur sang ngaji
 duk semana sang nata lagi sinéba

35. pepek kang para sentana

tumenggung arya lan patih
 nuwala énggal tinampan

maring perabu Majapahit
 nuwala binuka aglis
 tumulya winaca sumpun
 ungalé kang ponang surat
 ngalamat surat puniki
 dumatenga ing sang perabu Berawijaya

36. wiyosé kang ponang surat
 eh ta prabu Majapahit
 lamun sira nyata lanang
 lah ta payo tandhing jurit
 ana déné aran mami
 jejuluk Jeng Sunan Ngudung
 kersané Sunan Binsatara
 kinon ngerusak Majapahit
 lah sedaya /114/ perajurit ing Majalengka
37. mapaga nêng Tunggarana
 lamun sira bosen urip wus putus ungeling surat 8
 sang nata ngendika aris
 dumateng Kiyahi Patih
 Gajah Séna namanipun
 éh Ki Patih Gajah Séna
 ika ana gaman perapti
 saking Demak si Patah kang gawé pokal
38. kang ika sira sun-duta
 amapak gaman kang perapti
 sumerta sira gawaha
 perjurit rong puluh kethi
 lan malihé sun-kanthèni
 kang nama Ki Arya Jambul
 perjurit saking Baléga
 puterané Jaran Panoleh
 lah mangkata aja mundur tengahing rana

pupuh viii

durma

1. Gajah Séna pamitan mering sang nata
Berawijaya Majapahit
pamit sampun rinidhonan
ajujuk ing Tunggarana
pandi /115/ kanira sang aji
Ki Gajah Séna
umatur sendika Gusti
2. sampun mangkat Ki Gajah Séna punika
dèn-iring perajurit manteri
miwah para tamtama
nulya bèbèr kendéra ing ngarsa miwah ing wingking¹
nebut tengara
kendhang gong kelawan bèri
3. tan kawarna lampahira onèng marga
Tunggarana sampun perapti
bala islam wus katingal
nanging Gajah Séna
perajurité sewelas kenthi
dèn-angsuhen
kang sangang kethi amabantoni
4. ayon-ayonan wong islam lawan wong kopar
pan sigera bedhil-biledhil
pangguh perajurit islam
anesug ing madya kopar
pan awor dadi satunggal²
pedhang-pinedhang
lan ana bedhik-binedhik
5. kathah pejah /116/ punggawa ing Majalengka
wong islam gih kathah mati
banjir getih belabar

selur aserah watang
 bangkéné susun atindh
 islam lan kopar
 pan awor dadi sawiji

6. Gajah Séna amedali badayuda
 merabot sikeping jurit
 amudhi gegaman tumbak
 ana ing ranagana
 sumbaré awanti²
 èh ta wong islam
 lamun sira bosen urip

7. genambulana perajurit ing Majalengka
 Gajah Séna aran mami
 wadiya islam sedaya
 payo tandhing ayuda
 ayonana budi mami
 barenga mara
 metshi yèn ingsun tadhahi

8. Amir Hasan amapag Ki Gajah Séna
 payo tandhing padha siji
 Gajah Séna angucap
 maring Ki Amir Hasan
 lamun /117/ arep angayoni
 sira tumbaka
 sun-tadhahi jaja mami

9. Amir Hasan anumbak Ki Gajah Séna
 panumbaké/wadi²
 ananging datan tumama
 Amir Hasan angucap
 èh perjurit Majapahit
 sira malesa
 anumbak dumateng mami

10. Gajah Sēna anumbak Ki Amir Hasan
 kena lambung ingkang kering
 terus lambung ingkang kanan
 Amir Hasan aniba
 tan dangu nulya ngemasi
 Ki Amir Hasan
 yudanē sampun kecodhi
11. Amir Hamzah amedali bodayuda
 anempuh ajarak pat
 kang raka Amir Hasan
 apan sampun perlaya
 Gajah Sēna kang nelasi
 Ki Amir Hamzah
 jaja bang lir metu geni
12. Amir Hamzah /118/ apétak onēng payudan
 eh perjurit Majapahit
 kebat sira ngucap
 lafath kalimah syahadat
 yen tan ngocap sun-pateni
 Ki Gajah Sēna
 Amir Hamzah dèn-parani
13. ayuh-yunan Gajah Sēna lan Amir Hamzah
 tumbak tinumbak wani
 apan pedhang-pinedhang
 genti gebang-ginebang
 datan ana kang kecodhi
 watang binuwang
 agenti keris-kineris
14. Gajah Sēna oleh tandhing bodayuda
 perjurit kang saking Wilis
 anama Ki Amir Hamzah
 kuwel dènnya bodayuda
 dèn-bithi amales bithi
 dugang-dinugang
 pan genti jiwit-jiniwit

15. nulya medal Sunan Ngudung neng payudan
ambakta gegaman seking
miwah gawa tamtama
sami perawirèng /119/ rana
Gajah Séna dipun-byuki
tamat matiga
Sunan Ngudung kang nelasi
16. pan cinadak Ki Gajah Séna punika
Jeng Sunan Ngudung agelis
dèn-seking walikatira
tatas terus ing jaja
tan dangu nulya ngemasi
Ki Gajah Séna
perjurit ing Majapahit
17. wadiya islam katun tigang dasa gangsal
bala kopar dateng malih
sangang kethi kathahira
saperaboting wong ngayuda
kegamanira miranti
wus ayun-ayunan
wong islam datan gumingsir
18. pan terengginas wong islam anulya nerajang
dumateng barisan kapis
nanging pinara tiga
sedasa nempuh ing kanan
kang sedasa nempuh kéring
kang gangsal welas
/120/ anempuh tengah bebaris
19. pepuyengan punggawa ing Majapahit
tambuh mungsuh tanbuh kanthi
samiya tumbak-tinumbak
miwah pedhang-pinedhang
lawan konca réjang nèki
kathah kang pejah
kang urip melayu gendering

20. Radèn Arya Jambul pan sampun lumajar
 pelayu nira agendering
 tan kawarna ing marga
 wus dateng ing Majalengka
 melebet ing dalem puri
 sohan sang nata
 matur nyembah sarwi nangis
21. Gusti kawula kinarya tindhihing yuda
 nanging bala sampun eting
 Gajah Séna wus pejah
 perjurité pan sampun telas
 katun kawula ingkang urip
 énggal lumajar
 ngaturi periksa suwangaji
22. cinari /121/ ta perjurit ing Majalengka
 kathahé rong puluh kethi
 kang ngiring Ki Gajah Séna
 perang onèng Tunggarana
 punika sami kecodhi
 katun sedasa
 pelayu nira gendering
23. samiya bubar punggawa Majalengka
 wong islam lajeng sumikir
 kedel ing wana Kerawang
 katun tiyang sawelas
 kang samiya perwirèng jurit
 samiya rembagan
 utusan maring suwangaji
24. nulya mangkat marebut ingkang dinuta
 ambekta kang ponang tulis
 lampahira gegacangan
 tan kawarna ing marga
 Bintara pan sampun parepti

- katur sang nata
surate wong andon jurit
25. wus tinampan
nuwala ing Kanjeng Sunan³
/122/ tumulya binuka agelis
ungelé kang ponang surat
gusti kawula dinuta
angerubut si Majapahit
wus kalampahan
perang pupuh lawan wong kapir
26. wadiya kopar
kang pejah tanpa wilangan⁴
wong islam kathah kang mati
katun wadiya sawelas
déné Ki Amir Hasan
punika pan sampun lalis
panuwun kawula
dumateng panduka aji
27. gih paringa kitunan ing wadiya bala
sumerta peraboting jurit
déné wong Majalengka
bubar saking payudan
kawula lajeng sumingkir wanten ing wana⁵
Kerawang ing pernah nèki
28. yen sembada kelawan kersa panduka
wong kapir sun-pukul malih
wus putus ungalé surat
Kanjeng Sunan /123/ angendika
dumateng rekiyana patih
Ki Ngabdul Salam
anenggih jejuluk nèki
29. Ngabdul Salam jengandika mepek bela
sumerta peraboting jurit

Sunan Ngudung utusan
 anuwun bantoning bala
 Amir Hasan sampun lalis
 perajurit islam
 pan katun sawelas iji

30. sekathahé perjurit ing Majalengka
 tanpa wilangan kang mati
 kang urip pan samiya bubar
 mudur saking payudan
 Jeng Sunan Ngudung sumingkir
 oneng Kerawang
 nanging karsa yuda malih
31. rineksana Ki Patih nabuh tengara
 bendhéné penatang jurit
 bubul kang wadiya tamtama
 miwah para punggawa
 demang lurah lan petinggi
 dateng sedaya
 merabot /124/ sikeping jurit
32. angendika Ki Patih mering Tamtama
 sumerta perajurit Manteri
 èh ta para punggawa
 sang karsané sang nata
 yèn sira kinon bantoni ing badayuda 6
 angerebut si Majapahit
33. nanging Sunan Ngudung sira ulatana
 ing Kerawang pernah nèki
 apa saing paréntah
 amesthi sira anut
 Sunan Ngudung sénapati⁷
 kang pinercaya
 dumateng panduka aji
34. para punggawa sedaya miwah tamtama

- matur sendika gusti
 kawula mesthi lumampah
 saking kersa sang nata|
 punika pan sampun lami
 angsal kawula
 kepingin perang lan wong kapir
35. angendika sang nata mering Ki Patiya
 patih ingkang /125/ dhawuhi
 manteri miwah tamtama
 ika Sunan Mannyoran
 kang dadi tindhihing jurit
 pan kinarya
 gentinipun putera neki
36. ingkang nama Amir Hasan wus perlaya
 Gajah Séna kang mateni
 mangke gumanti kang rama
 Sunan Mannyoran namanya
 dipun-dhawuhi Ki Patih Ngabdul Salam kersane panduka
 aji⁸
37. Haji Ngusman jengandika kawula duta
 dadi tindhihé perajurit
 abantoni badayuda
 amukul ing Majalengka
 Haji Ngusman matur agelis
 inggih sendika
 genti malih kang winarni
38. pan kocapa Berawijaya Majalengka
 ngendika dateng Ki Patih
 èh patih Gajah Mada
 dika énggal utusan
 dumateng negara Pengging
 /126/ lan Ponaraga
 jengandika kinon bantoni

39. Gajah Mada tumulya énggal utusan
dumateng negara Pengging
lawan ing Panaraga
duta pan sampun mangkat
tan kawarna onèng mergi
lampahé duta wus perapta negara Pengging⁹
40. nulya sohan utusan mering Dipatiya
Adiyaningrat ingkang nami
duta tumulya énggal
angaturaken nuwala
ingkang saking Majapahit
surat tinampan
tumulya binuka agelis
41. tiningalan ijohané ponang surat
ungalé sejeroning tulis
wiyosé serat punika
kawula atur wuninga
ing negara Majapahit
wus kahunggaan
mungsu saking Bintara iki
42. Yèn sembada Ki Dipati Dayaningrat
énggal jengandika bantoni
/127/ ingkang wadiya bala
wus putus ungelé surat
tumulya utusan angelis
nabung tengara
lan bendhé penatang jurit
43. samiya parepta punggawa miwah tamtama
demang lurah lan patigi
peraboté wong ayuda
Ki Dipati angendika
dateng sekèh para manteri
èh ta punggawa
ingsun arep abantoni

44. ing negara Majalengka kahawunggan
 mungsuh saking Binatara iki
 sira padha ngiringa mering ing lakuning wong¹⁰
 dumateng ing Majapahit
 abadayuda
 mapag mungsuh ingkang perepti
45. aturira dumateng lurah tamtama
 pan inggih sandika Gusti
 tan dangu anulya mangkat
 Dipati Dayaningart
 dèn iring punggawa manteri
 miwah tamtama
 gegamanira miranti
46. tan kawarna /128/ lampahira onèng marga
 Majapahit sampun parepti
 wonten malih kang kocapa
 Arya Dhadhang Wurahan
 ingkang wisma onèng Tingkir
 mireng kang warta
 Rahadèn Dipati Pengging
47. mangkat yuda abantoni Majalengka
 sumerta bala perjurit
 Arya Dhandhang Wurahan
 tumulya anyandhak watang
 kudané kinon-ngambili
 anitih énggal
 kuda nira dèn-jumethi
48. kuda nerap kadiya angin lampahira
 datan kawarna ing marga
 Radèn Dhandhang Wurahan
 wus parepta ing Majalengka
 ajujuk ing dalem nèki
 Dhandhang Wecana
 nenggih wahu kang nami

49. cinarita utusan ing Majalengka
késah mering Panaragi
datan kawarna ing /129/ marga
lampahé ponang utusan
wus parepta ing Panaragi
sohan sang nata
Bethara Katong kang nami
50. kang dinuta ngaturaken ponang surat
ing kang saking Majapahit
surat sampun tinampan
amulya énggal binuka
ungalé kang ponang tulis
ngelamat surat
katur dumateng sang aji
51. ing kang nama sang ngaji Bethara Katong 11
ing negara Panaragi
wiyosé surat punika
kawula atur wuninga
ing negara Majapahit
wus kahungghahan
mungsuah saking Bintara iki
52. wadiya bala ing negara Majalengka
kathah kang mati
déné Ki Gajah Sena
pan inggih sampun perlaya
Bethara Katong sun-purih kituna bala^{1 2}
tamtama kelawan /130/ manteri
53. sang Bethara Katong nulya kitun surat
utusan dateng Dipati
Luwanu ing wisma nira
duta pan sampun mangkat
datan kawarna ing marga
lampahé duta
Luwanu pat sampun parepti

54. nulya sohan duta saking Ponaraga
 dumateng Raden Dipati
 angaturaken nuwala
 ingkang saking Ponaraga
 nuwala tinampan agelis
 nuwala binuka
 ungele kang ponang tulis
55. ingkang surat katur Adipatiya
 ing Luwanu wisma nèki
 wiyosipun ponang surat
 kawula tampi nuwala
 ingkang saking Majapahit
 ing rama nata
 Berawijaya Majapahit
56. kaungghahan mungsuh saking ing Bintara
 Gajah Séna sampun /131/ lalis
 saking kersa kawula
 adhi ingkang lumampah
 bantoni ing Majapahit
 nanging jengandika
 datenga ing Panaragi
57. Ki Dipati utusan ngambil kuda
 jaran saking Margawati
 jajan biru ulessira
 tumulya anyandhak warang
 kudané dipun-titihi
 sinabet énggal
 kena poké konthol neki
58. kuda ngerab lampahé kadiya maruta
 datan kuwarna ing marga
 wus parepta ing Ponaraga
 Rahadèn Dipati enggal
 melebet ing dalem puri
 panggih kang raka
 nulya lenggah tiyang kalih

59. sang Bethara Katong anulya ngendika
 dumateng wahu kang rayi
 adhi sedhateng dika
 kawula purih lumampah
 bantoni ing Majapahit
 anak kawula
 /132/ Bethara Sudira kang nami
60. adhi bekta punika kinarya réjang
 Ki Dipati matur agelis
 dhuh kakang sumangga kersa
 kawula dermi lumampah
 kang raka ngendika aris
 dateng Ki Patiya
 Jayadarna ingkang nami
61. Jayadarna jengandika amepek bala
 abantoni Majapahit
 Ki Patih matur sandika
 sumerta para punggawa
 manteri arya lan perjurit
 nabuh tengara
 lan bendhé penatang jurit
62. samiya parapeta punggawa miwah tamtama
 demang lurah lan petinggi
 seperaboté wong ayuda
 Ki Patih angendika
 dumateng perjurit
 èh ta punggawa
 pan sira kinon bantoni
63. bodayuda tetulung ing Majalengka
 saking karsané sang aji
 dumateng /133/ lurah tamtama
 samiya matur sendika
 saking kersane Jeng Gusti
 kawula lumampah

bantoni ing Majapahit

64. riseksana Bethara Katong ngendika
dumateng Radèn Dipati
adhi jengandika mangkat
lawan Radèn Sudira
punggawa bala perjurit
jengandika bekta
Dèn Dipati énggal pamit
65. nulya mangkat Dipati lawan Sudira
dèn-iring perjurit manteri
miwah para tamtama
punika Radèn Dipatiya
énggal nitih kang turagi
nenggih ulesnya
jajan biru Margawati
66. Dèn Sudira anitih kuda pelangka
kuda saking Margawati
kendéra wis binabyar
ing wingking kelawan ngarsa
kang bendhé sampun /134/ tinitir
nabuh tengara
kendhang gong kelawan bèri
67. pan gumuruh² suwarané wadiya bala
urake awanti²
pan selur bebongkokan
bangkatan onèng wutat
sumerta gawa turagi
ingkang andhongan
lan bendhé tinitir-titir
68. tan kewarna lampahira oneng marga
wus perapta ing Majapahit
pepek kang para dipati
manteri demang lawan arya

onèng kutha Majapahit
 samiya rembagan
 mapag mungsuh ingkang perapti

69. ganti kocap Sunan manyuran winarni
 kinarsakaken sang ngaji
 dadi tindhihing punggawa
 abantoni bodayuda
 angerebut si Majapahit
 sinungan bala
 /135/ kathaipun pitung kethi
70. wus pamit Sunan Manyuran punika
 pamit sampun dèn-ridhoni
 lawan Sunan Bintara
 miwah wali sedaya
 Haji Ngusman mangkat agelis
 anitih kuda
 jeragem ingkang turanggi
71. Haji Ngusman dèn-iring para punggawa
 demang lurah lan petinggi
 miwah para tamtama
 wus bèbèr kèndera abang
 ingkang ngarsa miwah ing wingking
 nabuh tengara
 kendhang gong kelawan bèri
72. tan kawarna lampahira onèng marga
 wana Kerawang sampun parepti
 pinanggih ing sénapatiya /
 Sunan Ngudung ingkang nama
 uluk salam nulya linggih
 énggal rembagan
 maju bodayuda malih
73. kawarnaha Ki /136/ Dayaningrat
 punika amireng warti

bala saking Bintara
 parepta onèng wana Kerawang
 enggal matur maring sang aji
 yèn mungsuh wus parepta
 onèng Kerawang pernah nèki

74. Berawijaya anulya ngendika enggal
 dumateng para dipati
 miwah para sentana
 ika padha mapaga
 mungsuh sang Bintara iki
 nanging ki patiya
 Gajah Mada tengga puri
75. Gajah Mada punika kang tengga pura
 punika dipun-kantheni
 kang nama Lembu Niseraya
 lawan Ki Arya Ningah
 manteri kang sepuh peribadi
 Suwadinira
 punika kang tengga puri
76. /137/ mulya mangkat perjurit ing Majalengka
 tumenggung miwah dipati
 sarta para tamtama
 lawan para punggawa
 Radèn Gugur dadi tindhiné 13
 lan Pejad Tandha
 Dipati Terung negari
77. perjurité kang saking Terung negara
 mung rong èwu sedaya neki
 déné ingkang parwira
 mung demang tetiga
 Demang Lawung kang setunggal
 lan Demang Terasaba
 punika kang kaping kalih

78. lawan Demang Sokadana kaping tiga
 demang tiga puniki
 angring Ki Pejad Tandha
 tumut abodayuda
 punika ingkang kinathi
 maring Ki Pejad Tandha
 ing Terung ingkang negari
79. tan kawarna /138/ lampahira onèng marga
 perjurit ing Majapahit
 wus parepta ing alas Kerawang
 bala islam wus katingal
 tumulya perjurit kapir
 nabuh tengara
 kendhang gong kelawan beri
80. sesahuran tengerenira wong islam
 lawan tengarané wong kapir
 gong maguru gangsa
 tetegé kaya butula
 subaré awanti²
 wus ayun-ayunan
 wong islam lawan wong kapir
81. wus pinasang marimé wadiya kopar
 jume gur suwara neki
 uniné ambal²-lan
 mariyem lawan meléla
 nanging datan angenani
 ing wadiya islam
 saking permaning Yang Widi
82. wadiya islam aneseg
 /139/ ing wadiya kopar¹⁴
 sigera bedhil-binedhil
 panguras lawan sinapan
 nanging perjurit islam
 merepeki perjurit kapir

dadi setunggal
pan sengguh-sinengguh wani

83. miwah ana kang suduk ika
ana kang bedhil-binedhil
lan ana pedhang-pinedhang
ana kang cuderik-cinuderik
ana ingkang seking-sineking
kathah kang pejah
sinepak kelawan ésthi
84. wadiya kopar pejah tanpa wilangan
wadiya islam ingkang mati
ika amung saleksa
kelawan pujul sedasa
tan dangu anulya parapti
punggawa kopar
inggih gegamanira miranti
85. Amir Hamzah amedali bodayuda
amungsuh /140/ perjurit kapir
kelawan Sunan Manyuran
wong kapir dateng saleksa
dèn-amuk tiyang kalih
pejah sedaya
datan ana ingkang kari
86. Wulung Kembang amedali bodayuda
merabot sikeping jurit
ana ing ranagana
ambekta gegaman tumbak
sumbaré awanti²
èh ta wong islam
lamun sira bosen urip
87. ayun-ayunan perjurit ing Majalengka
Wulung Kembang aran mami
lah ta rebuten ingwang

wadiya islam sedaya
 tamtama kelawan manteri
 barenga mara
 amesthi ingsun tadhahi

88. nulya medal Amir Hamzah nêng payudan
 Wulung Kembang dèn-parani
 ambekta gegaman tumbak
 pan sampun /141/ ayun-yunan
 perjurit islam dan kapid
 Ki Wulung Kembang
 Amir Hamzah dèn-latari
89. pan ginebang watangé Ki Wulung Kembang
 Amir Hamzah males agelis
 anumbak Ki Wulung Kembang
 apan kena jaja nira
 Ki Wulung Kembang angemasi
 lelawa nira
 peksi dhandhang notholi

pupuh ix**dhandhang**

1. kawarnaha ingkang sampun lalis
Wulung Kembang Tumenggung Berangkal
ika kapernah ipéné
Berawijaya Majalangu
lelayoné sampun cinandhi
wanten malih ipé nira
nata Majalangu
kang nama Dhandhang Wecana
sampun lenggah tumenggung ing Majapahit

2. Radèn Dhandhang Wecana medali
/142/ bodayuda onèng ranagana
wanti² sesubaré
wong islam rebuten ingsun
